

OBJEKTIF LAVI A



Matye 5:13-16

Se limyè nou ye pou moun sou latè.

Moun pa kapab kache yon lavil ki bati sou yon mòn.

Ni yo pa limen yon lanp pou mete l' anba yon mamit.


Men, yo mete l' sou yon etajè,

pou l' klere pou tout moun ki nan kay la.

Konsa tou, se pou limyè nou klere devan tout moun,

pou lè yo wè tout byen n'ap fè yo,

y'a fè lwanj Papa nou ki nan syèl la.



oun nan rezon ki kapab lakoz ke yon moun mennen yon lavi ki malere sou latè, se lè moun sa a ap mennen yon vi ki san objektivite. Lè lavi yon moun genyen yon objektiv, moun nan kapab konsantre li sou bagay ki nesèsè pou li rive kote li prale a.

Men, li ankò pi enpòtan pou ou non sèlman genyen yon objektiv nan lavi ou, men pou ou genyen vrè objektiv ke Bondye te kreye pou ou a.

Si objektif ou nan lavi a, se pou ou genyen anpil lajan, genyen plizyè bagay ki kapab rive:

a- Ou kapab pa janm rive genyen anpil lajan.

« Pa touye tèt ou ap kouri dèyè lajan pou ou vin rich. Wete lide ou sou sa. Paske, anvan ou bat je ou, li gen tan disparèt. Ou ta di lajan gen zèl. Li rete konsa, li vole, li ale. » (Pwovèb 23:4-5)

b- Ou kapab rive genyen anpil lajan, men apre sa, ou gen pou ou reyalize ke lajan pa bay kè kontan vrèman vre paske lajan pa bay satisfaksyon.

« Si ou renmen lajan, ou p'ap janm fin gen ase. Si w'ap kouri dèyè richès, plis ou genyen, se plis ou anvi genyen toujou. Sa tou, sa pa vo anyen. » (Eklezyas 5:10)

c- Ou kapab rive genyen anpil lajan epi ou ka rive pèdi lajan an.

« Men mwen wè sou latè yon bagay ki fè lapenn anpil: Moun sere lajan epi sa vire mal pou yo. Yon malè pase, tout lajan an pèdi. Li vin fè yon pitit, li pa gen anyen pou l' ba li. » (Eklezyas 5:13-14)

d- Lè lanmò pase, ou prale kite tout byen ke ou te genyen.

« Li soti toutouni nan vant manman l', konsa tou l'ap tounen san anyen anba tè. Pa gen anyen nan tou sa li travay fè li ka pran pote ale ak li. » (Eklezyas 5:15)

Yon moun gen dwa pran edikasyon pou li kapab genyen konesans kòm objektif lavi a, men konesans san sajès se yon pwoblèm ke li ye. Nan **1 Korent 8:1b**, Pòl ekri:

« Se vre: nou tout nou gen konesans, jan nou di a. Sèlman, konesans fè moun gonfle ak lògèy. Men, se renmen ki pou fè nou grandi nan konfyans nan Kris la tout bon. »

Ki lòt bagay ankò nou panse ke moun kapab pran pou objektif lavi yo?

Objektif lavi a

Poukisa ou egziste? Pou ki rezon Bondye te kreye ou? Rezon ki fè Bondye te kreye ou la, se sa ke objektif lavi a ye. Nou ta kapab pran egzanp nan bagay ke nou wè devan je nou yo chak jou.

Lè ou genyen yon chèz lakay ou, se pou ki objektif ke chèz la nan kay la? Ki objektif yon kabann nan yon kay? Pou ki rezon pou yon moun achte osinon bati yon kay?

Chèz fèt pou moun chita sou li; kabann fèt pou moun kouche sou li; yon kay fèt pou moun abite ladan li.

Tout bagay ki egziste genyen yon objektif, yon rezon pou egzistans yo. Sa ke ou pran kòm objektif ou ap pran enèji ou, tan ou, lajan ou...etc

Se sak fè ke si objektif ke ou genyen nan lavi ou la, se pa pou rezon sa a ke Bondye te kreye ou, sa ap lakoz ke ou gaspiye anpil enèji, tan ou, finans ou pou gremesi. Sa va yon gaspiyaj pou lavi ou.

Nan yon konvèsasyon ak yon zanmi nou, Frè Camille kap dirije legliz lokal nan Lozier, li te bay yon bèl egzanp. Li te di ke sipoze ke ou malad epi ou ale lopital; lè ou rive lopital la, olye ke yo trete maladi ou la, yo pran liv epi yo kòmanse fè lekòl avèk ou, yap aprann nou bagay ke ou pat ankò konnen. Èske sa tap fè sans pou ou?

Objektif yon lopital se pran swen moun malad. Si yon lopital kòmanse ap anseye epi li pa pran swen moun malad, li pèdi objektif li, li gen dwa pote non lopital men èske se lopital li ye vre?

Se sak fè ke nou bezwen konprann ke tout sa ki egziste genyen yon objektif. Lè ou konprann objektif ou sou latè, rezon Bondye ba ou lavi, ou kapab genyen anpil siksè nan lavi ou.

Lè yon asanble legliz konprann objektif ke Bondye bay legliz, legliz sa a kapab genyen anpil siksè.

Lè lidè legliz yo konprann objektif ke Bondye ba yo pou legliz, lidè sa yo kapab genyen anpil siksè.

Lè yon òganizasyon nan legliz konprann objektif ke Bondye ba yo, òganizasyon sa a kapab genyen anpil siksè.

Lè papa nan yon fanmi konprann objektif ke Bondye ba li nan fanmi an, papa sa a kapab genyen anpil siksè.

Lè manman nan yon fanmi konprann objektif ke Bondye ba li nan fanmi an, manman sa a kapab genyen anpil siksè.

Diksyonè fransè (Larousse) defini siksè konsa:

Succès: Résultat heureux obtenu dans une entreprise, un travail, une épreuve sportive, etc. : Ses efforts ont été couronnés de succès.

Men, pou nou menm kretyen, siksè se lè ke nou rete nan volonte Bondye, lè nap swiv plan ke Bondye genyen pou nou. Anvan David mouri, men kisa li te di pitit li Salomon:

« Se pou ou fè tou sa Seyè a, Bondye ou la, va ba ou lòd fè. W'a fè volonte Bondye, w'a mache dapre lòd, kòmandman, regleman ak prensip li bay yo jan sa ekri nan liv Lalwa Moyiz la, pou tout zafè ou mache byen kote ou pase, nan tou sa w'ap fè. » (1 Wa 2:3)

« Observe les commandements de l'Éternel, ton Dieu, en marchant dans ses voies, et en gardant ses lois, ses ordonnances, ses jugements et ses préceptes, selon ce qui est écrit dans la loi de Moïse, afin que tu réussisses dans tout ce que tu feras et partout où tu te tourneras. » (1 Rois 2:3)

Rezon Bondye Kreye nou!

Ezayi tap pale ak pèp Izrayèl, li di yo:

« Nou menm, moun fanmi Jakòb yo, men sa Seyè a ap di nou koulye a, li menm ki te kreye nou an. Nou menm moun Izrayèl yo, men sa l'ap di nou, li menm ki te fè nou ak men l': - Nou pa bezwen pè anyen! M'ap toujou pwoteje nou. Se mwen menm ki te ban nou non nou pote a. Se pou mwen nou ye. » (Ezayi 43:1)

Pi ba nan pasaj la, Ezayi ajoute:

« M'ap di moun ki rete sou bò nan nò yo: Kite yo ale! M'ap di moun ki rete sou bò nan sid yo: Kite yo tounen! Kite pitit gason m' yo tounen soti byen lwen. Kite pitit fi m' yo tounen soti toupatou sou latè. Se pèp mwen yo ye. Se mwen menm ki kreye yo pou yo ka sèvi yon lwanj pou mwen. Se mwen menm menm ki te fè yo. Se nan men mwen yo soti. » (Ezayi 43:6-7)

Dapre pasaj sa a, poukisa Bondye te kreye pèp Izrayèl la?

Nou menm kretyen se pèp Bondye ke nou ye tou. Pyè ekri:

« Men nou menm, nou se yon ras Bondye chwazi, yon bann prèt k'ap sèvi Wa a, yon nasyon k'ap viv apa pou Bondye, yon pèp li achte. **Li fè tou sa pou n' te ka fè tout moun konnen bèl bagay Bondye te fè yo**, Bondye ki rele nou soti nan fènwa a pou nou antre nan bèl limyè li a. Anvan sa, nou pa t' menm yon nasyon. **Men koulye a, nou se pèp Bondye a**. Anvan sa, Bondye pa t' gen pitye pou nou. Koulye a, li gen pitye pou nou. » (1 Piè 2:9-10)

Bondye te kreye nou pou glwa li, pou louranj li.



Kouman pou Bondye jwenn glwa (louranj) nan lavi ou?

1- Bondye jwenn glwa nan lavi ou lè ou akonpli travay ke Bondye ba ou fè. Nan **Jan 17:3-4**, Jezi di:

« Lavi ki p'ap janm fini an, se pou yo konnen ou, ou menm ki sèl Bondye tout bon an, ansanm ak moun ou voye a: Jezikri. Mwen te fè yo wè bèl pouvwa ou sou tè sa a. Mwen fè tou sa ou te ban m' fè. »

« Or, la vie éternelle consiste à te connaître, toi le Dieu unique et véritable, et celui que tu as envoyé: Jésus-Christ. *J'ai fait connaître ta gloire sur la terre en accomplissant l'œuvre que tu m'avais confiée.* » (BDS)

Objektiv Legliz

Travay ki pi enpòtan ke Bondye bay legliz fè se anonse Bòn Nouvèl la. Legliz la se pa plas kote nou fè rankont yo men se ou menm menm ki legliz la. Nan **Mak 16:15-16**, nou jwenn kòmanm ke Jezi bay:

« Ale toupatou sou latè, anonse Bon Nouvèl la bay tout moun. Moun ki kwè epi ki resevwa batèm va delivre. Men, moun ki pa kwè va kondannnen. »

Nou jwenn ke se sa menm ke Pyè te fè nan jou pannkot la. Nan **Travay 2:14 a 41**, nou li:

« Lè sa a, Pyè kanpe ansanm ak lòt onz apòt yo, li pale byen fò, li di fòl moun yo konsa: Nou menm moun Jide ansanm ak nou tout k'ap pase kèk jou isit lavil Jerizalèm, nou fèt pou nou konnen sa. Koute sa m' pral di nou la a. Moun sa yo pa sou jan nou kwè a. Se nevè dimaten li ye sèlman. Men, sa pwofèt Joèl te fè konnen gen pou rive a, se sa k'ap pase koulye a:

Men sak pral rive nan dènye tan an: Se Bondye menm k'ap pale: M'ap vide Lespri m' sou tout moun sou latè. Pitit gason nou ak pitit fi nou yo va pale tankou pwofèt. Jenn gason nou yo va gen vizyon. Granmoun nou yo va fè rèv. Wi, lè sa a, m'ap vide Lespri m' sou tout sèvitè m' yo, fi kou gason, epi y'a bay mesaj ki soti nan Bondye. Mwen pral fè mèvèy parèt anwo nan syèl la, mwen pral fè mirak anba sou latè! Va gen san, dife ak gwo nwaj lafimen. Solèy la pral vin tou nwa. Lalin lan pral vin wouj kou san, anvan jou Mèt la rive. Se va yon gwo jou, yon bèl jou tou! Lè sa a nenpòt moun ki va rele non Bondye va delivre.

Nou menm moun laras Izrayèl, koute sa m' pral di nou la a: Jezi, moun Nazarèt la, se Bondye menm ki te voye l' paske nou te wè tout mirak, tout bèl bagay ak tout siy Bondye te ba l' pouvwa fè nan mitan nou. Sa se bagay nou tout konnen. Yo te lage nonm sa a nan men nou, jan Bondye te vle l' la, dapre plan li te deja fè nan tèt li. Nou menm, nou fè touye l', nou fè yon bann mechan kloure l' sou yon kwa. Men, Bondye fè l' leve vivan ankò, li delivre l' anba doulè lanmò a paske se pa t' posib pou lanmò te kenbe l' anba pouvwa li.

Men sa David te ekri sou li: Mwen te wè Bondye, Mèt la, tout tan devan je mwen. Paske li toujou bò kote m'. Anyen pa ka brannen m'. Se poutèt sa kè m' kontan anpil, se pawòl kontantman ase ki nan bouch mwen. Menm kò mwen, m'ap poze l' avèk espwa nan Bondye. Paske, ou p'ap kite m' kote mò yo ye a. Ou p'ap pèmèt moun k'ap sèvi ou la pouri anba tè. Ou fè m' konnen tout chemen ki bay lavi a. M'ap kontan nèt paske ou toujou la avèk mwen.

Frè m' yo, pèmèt mwen pale kareman ak nou. David, zansèt nou an, mouri, yo antere l'. Tonm li la nan mitan nou jouk jòdi a. Men, David te yon pwofèt, li te konnen sa Bondye te pwomèt la. Bondye te sèman li t'ap fè yonn nan pitit li yo wa tankou li. David te wè sa Bondye tapral fè a. Se konsa li te di Kris la te gen pou l' leve soti vivan nan lanmò lè l' di: Yo p'ap kite l' kote mò yo ye a. Kò li p'ap tounen pouriti. Bondye fè Jezi sa a leve soti vivan; nou tout nou temwen bagay sa a. Bondye fè l' moute nan syèl la vin sou bò dwat li, li resevwa Sentespri Papa a te pwomèt la, li vide l' sou nou. Enben, se sa n'ap wè, se sa n'ap tande koulye a.

Se pa David ki te moute nan syèl la. Men, li te di: Bondye te di Seyè mwen an: Chita la sou bò dwat mwen, jouk tan mwen fè lènmi ou yo tounen yon ti ban pou lonje pye ou. Tout pèp Izrayèl la fèt pou konnen sa byen: Jezi, nonm nou te kloure sou kwa a, se li menm Bondye fè Seyè, se li menm Bondye fè Kris la. Lè pèp la tande pawòl sa yo, yo santi kè yo boulvèse. Yo mande Pyè ansanm ak lòt apòt yo: Frè nou yo, kisa pou nou fè?

Pyè reponn yo: Tounen vin jwenn Bondye, epi yonn apre lòt vin resevwa batèm nan non Jezikri, pou Bondye padonnen tout peche nou yo. Apre sa, n'a resevwa Sentespri, kado Bondye a. Paske pwomès la, Bondye fè l' pou nou, pou pitit nou yo, pou tout moun ki byen lwen, pou tout moun Bondye, Mèt nou, va rele vin jwenn li. Pyè t'ap di yo anpil lòt pawòl ankò pou l' te fè yo kwè, pou l' te ankouraje yo. Li t'ap di yo konsa: Sove tèt nou. Wete kò nou nan mitan moun pèvèti sa yo. Anpil ladan yo te kwè sa Pyè t'ap di a, yo te resevwa batèm. Jou sa a, te gen twamil (3.000) moun konsa ki te mete tèt yo ansanm ak disip yo. »

An nou li sa ke Jezi di konsènan moun ki tounen vin jwenn Bondye. Nan **Lik 15:10**, Jezi di:

« Konsa tou, m'ap di nou sa, gen kontantman nan mitan zanj Bondye yo pou yon sèl moun ki t'ap viv nan peche epi ki tounen vin jwenn Bondye. »

Anpil fwa, lè yon moun asepte Jezi nan lavi yo, moun legliz pa bay sa enpòtans. Men, si yo te konprann ki valè ke sa genyen, yo tap non sèlman nan lajwa menm jan ak zanj yo, yo tap antre nan travay ke Bondye mete pou yo fè a. Fòk nou pa bliye ke Jezi kòmanse travay sa a ak san li ki te koule sou kwa a.

2- Bondye jwenn glwa nan lavi ou lè ou mache dwat devan Bondye. Nan **Ezayi 61:1-3**, nou li:

« Lespri Bondye, Seyè a, desann sou mwen. Paske Seyè a chwazi m', li voye m' pou m' anonse bon nouvèl la bay moun ki nan lapenn yo, pou m' geri tout moun k'ap souffri yo, pou m' fè tout moun yo te depòte yo konnen yo delivre, pou m' fè tout prizonye yo konnen pòt prizon louvri pou yo. Li voye m' anonse lè a rive pou Seyè a vin delivre pèp li a, jou a rive pou Bondye nou an vin tire revanj pou nou. Li voye m' ankouraje tout moun ki nan lafliksyon, pou m' bay

*moun mòn Siyon ki nan lafliksyon yo kè kontan nan plas lapenn yo, kontantman nan plas kè sere yo a. M'ap mete nan bouch yo chante remèsiman nan plas chante plenyen. Yo pral grandi tankou gwo pyebwa nan jaden Seyè a te plante ak men l'. **Yo tout pral fè sa ki dwat devan Bondye, pou tout moun ka fè lwanj bèl pouvwa li.** »*

Se kilès kap pale nan pasaj sa a? _____

An nou gade yon lòt pasaj nan nouvo testaman an ki li:

« Jezi ale lavil Nazarèt kote l' te grandi a. Jou repo a, li antre nan sinagòg la tankou l' te toujou konn fè. Li leve kanpe pou l' li pou yo. Yo renmèt li liv pwofèt Ezayi a. Lè li louvri l', li jwenn kote ki te ekri:

Lespri Bondye a sou mwen. Li chwazi m' pou m' anonse bon nouvèl la bay pòv yo. Li voye m' pou m' fè tout prizonnye yo konnen yo lage, pou m' fè tout avèg yo konnen yo kapab wè ankò, pou m' delivre moun y'ap maltrete yo, pou m' fè yo konnen lè a rive pou Bondye vin delivre pèp li a.

Aprè sa, Jezi fèmen Liv la, li renmèt li bay moun ki t'ap ede nan sèvis la. li al chita. Tout moun ki te nan sinagòg la te gen je yo fikse sou li. Lè sa a li kòmanse di yo: Jòdi a, pandan n'ap tande pawòl ki ekri la a, li rive vre. » (Lik 4:16-21)

Vèsè 21 an li an fransè:

*« Alors il commença à leur dire: Aujourd'hui **cette parole de l'Écriture**, que vous venez d'entendre, **est accomplie.** »*

Liv Ezayi a ki te ekri plis ke 700 ane anvan Jezi te vin sou latè montre nou ke nan travay ke Jezi ta pral fè, moun ta pral fè sa ki dwat devan Bondye epi moun ta pral fè louranj pou pouvwa Bondye. Lè yon kreyen mache dwat devan Bondye, Bondye jwenn glwa nan sa.

Nan **Matye 5:14-16**, Jezi di:

*« Se limyè nou ye pou moun sou latè. Moun pa kapab kache yon lavil ki bati sou yon mòn. Ni yo pa limen yon lanp pou mete l' anba yon mamit. Men, yo mete l' sou yon etajè, pou l' klere pou tout moun ki nan kay la. **Konsa tou, se pou limyè nou klere devan tout moun, pou lè yo wè tout byen n'ap fè yo, y'a fè lwanj Papa nou ki nan syèl la.** »*

Objektif papa ak manman nan yon fanmi

Jezi di ke nou se limyè nan lemonn; sa vle di ke nou se temwen Bondye devan lemonn nan aksyon nou yo, nan jan ke nou viv ak lòt moun. Papa ak manman genyen devwa pou yo mennen fanmi yo nan yon manyè pou limyè yo kapab klere, pou Bondye kapab jwenn glwa nan sa. Bondye ba nou jan pou nou leve timoun yo pou yo kapab yon limyè nan vwazinaj yo.

a- Aprann pitit nou yo Pawòl Bondye.

« Li te di pèp Izrayèl la sa pou li fè. Li te bay pitit pitit Jakòb yo kòmandman li yo. Li te mande zansèt nou yo pou yo te moutre pitit yo lalwa Bondye a, pou timoun ki fenk fèt yo ka konnen l', pou yo menm tou, lè yo grandi, yo ka fè pitit pa yo konnen l'. Konsa yo menm tou, y'a mete konfyans yo nan Bondye. Yo p'ap bliye sa li te fè. Y'a toujou obeyi kòmandman li yo. » (**Sòm 78:5-7**)

b- Bay pitit nou yo bon levasyon jan Bondye vle li a.

« Bay yon timoun prensip li dwe swiv. Jouk li mouri, li p'ap janm bliye l'. » (**Pwovèb 22:6**)

c- Koriye timoun yo nan gou Bondye.

« Kanta nou menm, manman ak papa, pa aji ak timoun nou yo yon jan pou eksite yo. Men, ba yo bon levasyon, koriye yo, pale ak yo dapre prensip Seyè a. » (**Efèz 6:4**)

« Koriye pitit gason ou lan, li p'ap ba ou tèt chaje. L'a fè kè ou kontan. » (**Pwovèb 29:17**)

« Koriye pitit ou yo lè yo piti toujou. Men, pa bat yo jouk ou touye yo. » (**Pwovèb 19:18**)

« Si ou pè bat pitit gason ou, ou pa renmen l'. Si ou renmen l', se pou ou koriye l'. » (**Pwovèb 13:24**)

Madanm yo bezwen mennen yon vi egzanplè pou tout moun wè glwa Bondye nan lavi yo. Nan **Pwovèb 31:10-31**, nou li:

« Sa pa fasil pou moun jwenn yon bon madanm. Lè li jwenn li, li gen plis valè pase yon boul lò. Mari l' mete tout konfyans li nan li. Tout bagay ap mache byen lakay li. Madanm lan p'ap janm aji mal ak mari l', l'ap pase tout lavi l' ap fè l' byen. Li chache lenn mouton ak fil swa, li travay yo fè twal ak men l'.

Tankou bato k'ap pote machandiz, li al byen lwen chache manje mete nan kay la. Solèy poko leve, li gen tan sou pye l', l'ap pare manje pou moun nan kay la. L'ap di sèvant yo sa pou yo fè. Li fè lide sou yon tè, li achte l' ak lajan li fè ak men l'. Li fè jaden rezen sou li. Li mare ren l', li twouse manch rad li pou l' travay. Li santi zafè l' ap mache byen, li rete byen ta lannwit ap travay. Li file koton, li koud rad li.

Li lonje men l' bay pòv. Li pran ka malere. Li pa pè fredè pou moun lakay li, paske tout moun gen rad cho pou mete sou yo. Li fè kouvèti lenn pou kabann yo. Tout rad li yo fèt ak twal wouj tise byen sere.

Mari l', se yonn nan chèf fanmi lavil la. Tout moun lavil la ap nonmen non l' an byen. Madanm li fè rad pou l' vann, li fè bèl senti, li vann yo ak machann. Li gen anpil kouraj, tout moun respekte l', li pa pè denmen. Lè li louvri bouch li, se bon konsèy li bay. Li toujou gen bon pawòl nan bouch li. Li konnen vire tounen tout moun nan kay la. Li toujou gen yon bagay l'ap fè. Tout pitit li yo ap fè l' konpliman. Mari l' menm ap fè lwanj li.

L'ap di: Mwen konnen anpil madanm. Men ou menm, nanpwen tankou ou! Bèl fanm pa di bon madanm pou sa. Bèl figi pa la pou lontan. Men, y'a fè lwanj yon fanm ki gen krentif pou Seyè a. Ba li sa ki pou li a. Lè y'a wè sa l' fè, se pou tout moun fè lwanj li. »

An nou gade kòman mari ak madanm dwe viv dapre **Efèz 5:22-33** ki li:

« Nou menm, medam yo, soumèt devan mari nou tankou nou soumèt devan Seyè a. Paske, yon mari se chèf madanm li menm jan Kris la se chèf legliz la. Se Kris la menm ki delivre legliz la ki kò li. Konsa, se pou medam yo soumèt devan mari yo menm jan legliz la soumèt devan Kris la.

Nou menm, mari yo, se pou nou renmen madanm nou menm jan Kris la te renmen legliz la, jouk li te asepte mouri pou li. Li te fè sa pou li te ka mete legliz la apa pou Bondye. Li lave legliz la nan dlo ak nan pawòl li. Paske, li te vle pou legliz la parèt devan l' nan tout bèl pouvwa li, byen pwòp, san okenn defo, ni okenn tach, ni okenn pli, ni okenn mank. Se pou mari yo renmen madanm yo menm jan yo renmen pwòp tèt pa yo. Yon nonm ki renmen madanm li, li renmen pwòp tèt pa li tou. Pesonn pa janm rayi kò li. Okontrè, li ba l' manje, li pran swen l', tankou Kris la ap fè sa pou legliz la paske nou se manm kò li.

Jan sa ekri nan Liv la: Se poutèt sa, gason an va kite papa l' ak manman l', pou l' mete tèt li ak madanm li, pou tou de fè yon sèl. Se yon gwo verite wi Bondye fè nou konnen nan pawòl sa a. Mwen menm, mwen kwè verite sa a se pou Kris la ak legliz la. Men, li bon pou nou tou: se pou chak mari renmen madanm yo tankou yo renmen tèt pa yo, epitou se pou chak madanm respekte mari yo. »

Nan **Kolòs 3:18 a 21**, Pòl ekri:

« Nou menm medam, soumèt devan mari nou paske se konsa pou moun ki kwè nan Seyè a aji. Nou menm mari, renmen madanm nou. Pa fè move jan ak yo. Nou menm timoun, se devwa nou pou nou obeyi manman nou ak papa nou nan tout bagay. Se sa ki fè Bondye plezi. Nou menm papa ak manman, pa rele sou timoun yo twòp pou sa pa dekouraje yo. »

Nan **1 Pyè 3:1 a 7**, Pyè ekri:

« Menm jan an tou, nou menm medam, soumèt devan mari nou. Konsa, si gen nan mari nou yo ki pa kwè nan Bondye, kondit nou kont pou fè yo kwè, san n' pa janm bezwen louvri bouch nou, paske y'a wè jan nou viv byen, jan nou respekte yo. Nou pa bezwen fè kò nou bèl ak bagay moun ka wè, tankou lè n'ap fè anpil kwafi estiraòdenè, lè n'ap mete kantite bijou an lò ak kantite rad ki koute chè sou nou. Okontrè, se sa ki nan kè nou ki tout bèlte nou, yon bèlte ki p'ap janm pase. Se pou nou gen yon karaktè dou, yon karaktè poze. Se sa ki gen valè devan Bondye. Nan tan lontan, se konsa medam ki t'ap viv pou Bondye yo te fè tèt yo bèl: yo te mete espwa yo nan Bondye, yo te soumèt devan mari yo. Se konsa Sara te ye. Li te soumèt devan Abraram jouk pou li te rele l' mèt. Nou menm tou, medam, nou se pitit Sara, si nou fè sa ki byen san nou pa pè anyen.

Menm jan an tou, nou menm mari, nan tout bagay se pou nou viv byen ak madanm nou paske yo pi fèb pase nou. Ba yo tout respè yo merite, paske yo menm tou y'a resevwa menm lavi avèk nou tankou yon favè nan men Bondye. Konsa, anyen p'ap antrave lapriyè nou. »

3- Bondye jwenn glwa nan lavi ou lè ou itilize don esprityèl ke Bondye ba ou. Nan **1 Pyè 4:10-11**, nou li:

*« Chak moun dwe pran kado Bondye ba yo a pou yo rann lòt yo sèvis. Konsa, **tankou bon jeran, n'a pran kado Bondye yo, ki divès kalite, n'a fè yo travay.** Si yon moun ap pale, se pou l' pale tankou si se te pawòl Bondye li t'ap di. Si yon moun ap rann sèvis, se pou li fè l' ak fòs Bondye ba li. **Konsa, nan tout bagay lwanj lan va pou Bondye, gremesi Jezikri. Se pou Jezikri tout lwanj ak tout pouvwa pou tout tan. Amèn. »***

*« **Comme de bons dispensateurs des diverses grâces de Dieu, que chacun de vous mette au service des autres le don qu'il a reçu.** Si quelqu'un parle, que ce soit comme annonçant les oracles de Dieu; si quelqu'un remplit un ministère, qu'il le remplisse selon la force que Dieu communique, **afin qu'en toutes choses Dieu soit glorifié par Jésus Christ, à qui appartiennent la gloire et la puissance, aux siècles des siècles. Amen!** »*

Objektif Lidè Legliz

Bondye pa mete pastè legliz yo pou yo gouvènè legliz, men Bondye rele yo pou dirije, kondwi osinon mennen legliz jan ke Bondye vle l la. Gouvènè pa menm bagay ak dirije osinon kondwi. Lè nou wè mo “pastè” a, nou wè “bèje”; depi genyen bèje, genyen mouton. Bèje pa gouvènè mouton, men bèje a mennen mouton yo.

Nan Diksyonè Fransè Larousse la, men definisyon ke nou jwenn pou “Gouverner”

1. *Gouverner (verbe transitif): Exercer sur un pays, un peuple, le pouvoir politique, en particulier le pouvoir exécutif, diriger les affaires publiques, la vie politique d'un État : Le président qui gouverne les États-Unis.*
2. *Gouverner (verbe intransitif): Obéir à l'effet de son gouvernail, en parlant d'un bateau.*
3. *Se gouverner (verbe pronominal): Contrôler, maîtriser sa conduite, sa vie, ses réactions : Il n'a jamais su se gouverner.*

Nan **Ezekyèl 34:1 a 6**, nou jwenn yon mesaj ke Bondye te voye bay chèf reskonsab pèp Izrayèl la. Si nou gade nan Bib vèsyon fransè a, ki non ki itilize pou chèf sa yo?

Nou li:

*« Seyè a pale avè m', li di m' konsa: -Nonm o! Bay mesaj sa a sou tout chèf ki reskonsab pèp Izrayèl la. Bay yo mesaj la, di yo: Men sa Seyè sèl Mèt la voye di yo: **Madichon pou gadò pèp Izrayèl yo! Yo te mete yo la pou yo te swen pèp la, men se pwòp tèt yo ase yo konnen.***

Nou bwè lèt mouton yo, nou pran lenn sou do yo pou fè rad mete sou nou, nou touye sa ki pi gra yo pou nou manje. Men, nou pa janm swen mouton yo. Nou pa bay sa ki mèg yo manje pou yo pran fòs. Nou pa swen sa ki malad yo. Nou pa mete renmèd sou sa ki blese yo. Nou pa fè sa ki te soti nan bann yo tounen nan plas yo. Nou pa al chache sa ki te pèdi yo. Lekontrè, nou sèvi ak pozisyon chèf nou an pou n' kraze yo, pou n' maltrete yo. Paske mouton yo te san gadò, yo gaye nan raje yo, bèt nan bwa touye yo. Se konsa mouton yo gaye sou gwo mòn yo ak sou ti mòn yo. Mouton yo gaye toupatou sou latè. Pesonn pa okipe yo, pesonn pa chache kote yo ye. »

Nan **1 Pyè 5:2-4**, Pyè ekri ak lidè legliz yo pou li di yo:

*« Men sa m'ap di nou: Tankou gadò, **se pou nou swen bann mouton Bondye ki sou kont nou an**. Pa fè sa tankou si se fòse y'ap fòse nou. Men, fè l' paske nou vle fè sa Bondye vle. Pa fè travay la tankou si se dèyè lajan nou ye. Men, fè l' ak tout kè nou. **Pa fè menm jan ak chèf k'ap maltrete moun ki sou kont yo**. Okontrè, **se pou nou tounen yon egzanp pou mouton yo**. Konsa, lè gran gadò a va parèt, n'a resevwa yon kouwòn ki p'ap janm fennen: n'a resevwa lwanj Bondye. »*

Nou wè ke Pyè itilize yon tèm ke Ezekyèl te itilize e ke nou jwenn tou Nan **Sòm 23:1-2**, ki li:

*« Seyè a se **gadò mwen**, mwen p'ap janm manke anyen. Kote zèb yo pi bèl, se la li fè m' pran repo. Kote dlo a koule poze, se la **li mennen m'** bwè. Li fè m' reprann fòs. Li **fè m' mache** nan chemen dwat, pou sa sèvi yon lwanj pou non li. »*

*« L'Éternel est **mon berger**: je ne manquerai de rien. Il me fait reposer dans de verts pâturages, **Il me dirige** près des eaux paisibles. Il restaure mon âme, **Il me conduit** dans les sentiers de la justice, A cause de son nom. »*

Travay yon moun ki ap dirije yon legliz lokal se yon travay espesyal. Yon moun kap fè travay sa a dwe konnen e konprann objektif travay la.

Ki wòl yon gadò mouton?



Yon bagay ki vrèman enteresan jan ke nou wè li nan nan foto sa yo; bèje a devan epi mouton yo ap swiv li. Kote bèje a ale, se la mouton yo prale tou; bèje a se egzanp li ye pou mouton yo. Nap jwenn ke legliz lokal yo bay reflè osinon limaj pastè kap dirije yo a. Si pastè a renmen etid

biblik, legliz la ap kanpe fèm sou etid biblik; si pastè a frèt osinon cho nan sèvis yo, legliz la ap genyen chans pou li menm jan an tou.

Yon pastè dwe trase yon egzanp pou moun kap swiv li yo. Se rezon sa a ki fè ke Bondye mande yon seri de bagay pou yon moun kalifye kòm pastè. Nan **1 Timote 3:1 a 7**, nou li:

« Sa se yon pawòl ki vre: Si yon moun dèyè yon pozisyon pou l' dirije nan legliz, li dèyè yon bèl travay. Pou yon moun chèf nan legliz, se pou l' san repwòch. Se pou l' gen yon sèl madanm. Se pou l' yon nonm serye, ki konn kenbe tèt li an plas, ki gen lòd. Se pou l' konn resevwa moun lakay li. Se pou l' konn ki jan pou l' moutre moun verite a. Li pa fèt pou l' renmen bwè gwòg, ni renmen fè kont. Okontrè, se pou l' gen pasyans ak kè poze. Li pa fèt pou l' renmen lajan. Se pou l' konn mennen kay li byen, fè timoun li yo obeyi l' ak respè. Paske, si yon nonm pa konn dirije pwòp fanmi l', kouman li ka dirije legliz Bondye a? Fòk li pa yon nonm ki fèk konvèti. Si pa sa, lògèy ka moute l' nan tèt, la tonbe anba men m' kondannasyon ak Satan. Se pou li gen bon repitasyon devan moun ki pa nan legliz la, pou yo pa pase l' nan betiz, pou l' pa pran nan pèlen Satan. »

Kalite sa yo pa pou pastè yo sèlman, yo pou tout kretyen. Pwen ke Pòl ap fè nan pasaj la sè ke se pa pou pastè yo jis pase lòd osinon kòmande manm yo pou yo mennen yon lavi ke Bondye jwenn louranj ladan li, men se pou pastè yo mennen lavi sa a an premye.

An referans ak pastè yo, otè liv Ebre rele yo “conducteurs” an fransè.

Ebre 13:7 li:

*« Souvenez-vous de vos **conducteurs** qui vous ont annoncé la parole de Dieu; considérez quelle a été la fin de leur vie, et **imitiez leur foi**. »*

*« Pa bliye moun ki te konn dirije nou yo, moun ki te fè nou konnen pawòl Bondye a. Egzaminen jan yo te viv, jan yo te mouri. **Pran egzanp sou konfyans yo**. »*

Ebre 13:17 li:

*« Obéissez à vos **conducteurs** et ayez pour eux de la déférence, car ils veillent sur vos âmes comme devant en rendre compte; qu'il en soit ainsi, afin qu'ils le fassent avec joie, et non en gémissant, ce qui vous ne serait d'aucun avantage. »*

« Obeyi chèf nou yo, soumèt devan yo. Se tout tan y'ap veye sou nanm nou paske yo gen pou yo rann Bondye kont pou travay yo. Si nou obeyi yo, y'a fè travay yo ak kè kontan. Men, si nou pa obeyi yo, y'a fè l' ak kè sere. Lè sa a, p'ap gen okenn avantaj pou nou. »

Ebre 13:24 li:

*« Saluez tous vos **conducteurs**, et tous les saints. Ceux d'Italie vous saluent. »*

« Di tout moun k'ap dirije nou yo bonjou ansanm ak tout pèp Bondye a. Tout frè ki nan peyi Itali yo voye bonjou pou nou tout. »

Pou nou ale pi lwen nan objektif lidè legliz yo, an nou gade nan **Efèz 4:10 a 12** ki li:

« Moun ki te desann lan, se li menm tou ki te moute anwo nan syèl la, pou l' te kapab plen tou sa ki egziste ak presans li. Se li menm ki fè lèzòm kado divès pouvwa. Li bay kèk ladan yo pouvwa pou sèvi apòt, li bay lòt ladan yo pouvwa pou sèvi pwofèt, li bay lòt ankò pouvwa pou anonse bon nouvèl la, li bay dòt ankò pouvwa pou sèvi tankou pastè ak dirèktè. **Konsa, li byen òganize pèp Bondye a pou yo chak fè travay sèvis yo, pou kò Kris la ka grandi nan konfyans.** »

« Celui qui est descendu, c'est celui qui est monté au-dessus de tous les cieux afin de remplir tout l'univers. C'est lui qui a donné les uns comme apôtres, les autres comme prophètes, les autres comme évangélistes, les autres comme bergers et enseignants. Il l'a fait pour **former les saints aux tâches du service en vue de l'édification du corps de Christ** » (Second 21)

Nan pasaj sa a, nou wè ke lidè yo bezwen fòme manm yo, pou manm yo kapab travay pou kò Kris la kapab grandi. Pou legliz grandi, lidè yo dwe prepare manm yo pou yo travay paske Sentespri bay tout moun sove zouti (don, kado espiyèl) pou yo kapab travay.

Si kreyen te konprann enpòtans kado ke Sentespri ba yo a, yo pa tap neglije yo konsa. Nan **Ebre 2, vèsè 3 a 4**, nou li:

« Alors, comment pourrions-nous échapper nous-mêmes au châtimeⁿt si nous négligeons un si grand salut? Car **ce salut a tout d'abord été annoncé par le Seigneur** lui-même, ceux qui l'ont entendu en ont ensuite **confirmé la validité pour nous**. Et **Dieu a authentifié leur témoignage en y ajoutant le sien**, c'est-à-dire, en accomplissant toutes sortes de signes miraculeux, d'actes extraordinaires, de manifestations diverses de sa puissance et en accordant à ces témoins, selon sa propre volonté, de recevoir chacun sa juste part de l'Esprit Saint. »

« Konsa tou, si nou menm nou meprize yon gwo delivrans tankou sa a, nanpwen chape pou nou. **Premye moun ki te fè konnen delivrans sa a se Seyè a menm.** Apre sa, moun ki te tande l' yo, **se yo ki te fè nou konnen jan delivrans sa a gen anpil valè.** Anmenmtan an tou, **Bondye te fè anpil siy, anpil bèl bagay ak anpil mirak pou fè wè sa moun sa yo t'ap di a se te vre.** Li separe kado Sentespri a bay moun jan l' vle. »

Jou ke yon moun asepte Jezi, Sentespri bay moun sa a kado espiyèl ke nou rele “don” pou moun nan kapab sèvi lòt moun. Nan **1 Korent 12:4 a 11**, Pòl ekri:

« Gen divès kalite don Sentespri a bay. Men, se menm Lespri Bondye a ki bay tout. Gen divès jan moun ka sèvi Bondye, men se yon sèl Seyè a n'ap sèvi. Gen divès kalite travay nan sèvis la, men se yon sèl Bondye ki bay chak moun travay pa yo nan tout sèvis k'ap fèt.

Lespri Bondye a fè travay li yon jan nan lavi chak moun, men li fè l' pou byen tout moun. Lespri a bay yon moun don pou l' pale avèk bon konprann. Menm Lespri a bay yon lòt moun don pou l' pale avèk anpil konnesans. Se menm Lespri a ki bay yon moun lafwa, se li menm tou ki bay yon lòt don pou l' geri moun malad. Lespri a bay yon moun don pou fè mirak, li bay yon lòt don pou l' bay mesaj ki soti nan Bondye. Li bay yon lòt ankò don pou l' rekonèt travay move lespri yo ak travay Lespri Bondye a. Li bay yon moun don pou l' ka pale langaj,

li bay yon lòt don pou l' ka esplike sa pawòl langaj la vle di. Men, se yon sèl Lespri a ki fè tou sa. Li bay chak moun yon kado diferan jan li vle. »

Nan **Women 12, vèsè 4 a 9**, Pòl ajoute:

« Gade byen: nou gen anpil manm nan yon sèl kò, men chak manm gen sèvis pa l' apa. Se konsa tou, nou anpil, men nou fè yon sèl kò ansanm ak Kris la. Nou tout nou fè yon sèl kò tou yonn ak lòt, tankou plizyè manm nan yon sèl kò. Bondye pa bay tout moun menm don. Men, nou fèt pou nou sèvi ak kado a dapre favè Bondye fè nou an. Si yon moun resevwa don pou l' anonse mesaj ki sòti nan Bondye, se pou l' fè sa dapre lafwa li genyen an. Si yon lòt resevwa don pou l' fè yon travay, se pou l' fè travay la. Moun ki resevwa don pou l' moutre lòt anpil bagay, se sa pou l' fè. Moun ki resevwa don pou l' bay ankourajman, se pou li bay ankourajman. Moun k'ap bay nan sa li genyen an, se pou l' fè sa san gad dèyè. Moun k'ap dirije a, se pou l' fè sa byen. Moun k'ap moutre jan li gen kè sansib la, se pou li fè sa ak kè kontan. Se pou nou yonn renmen lòt ak tout kè nou. Rayi sa ki mal, men kenbe fèm nan fè sa ki byen. »

Pou revizyon, ki objektif Legliz?

Kijan kretyen yo kapab itilize diferan don esprityèl yo pou yo rive akonpli objektif Legliz?

Lè nou itilize sa ke Bondye ban nou pou sèvis Li, Bondye jwenn louranj nan sa. An reyalite, Bondye dwe resevwa louranj nan tout bagay ke yon kretyen ap fè. Nan **1 Korint 10:30-31**, nou li:

*« Si mwen di Bondye mèsì pou sa m'ap manje a, ki jan pou yo ta ka pale m' mal pou yon manje konsa? Se sak fè, kit n'ap manje, kit n'ap bwè, **nepòt kisa n'ap fè, fè l' pou sa sèvi yon lwanj pou Bondye.** »*

Benediksyon

Daprè Bib la, kisa benediksyon ye? Kisa li vle di lè Bib la di ke yon moun beni?

Diksyonè Fransè Larousse defini benediction konsa:

- a) Grâce, faveur que Dieu accorde.
Gras osinon favè ke Bondye akòde.
- b) Acte sacerdotal qui sanctifie une personne ou une chose, ou qui appelle sur elle la bienveillance de Dieu.
Yon travay ki rann yon moun osinon yon bagay sen; osinon ki rele bonte Bondye sou yon moun.
- c) Souhait solennel de bonheur, auquel on accorde un caractère sacré : La bénédiction d'un père.
Yon moun swete bon bagay pou yon moun epi ki genyen yon sans sakre (sen).

Nan Bib la, genyen diferan mo ke yo tradwi pou “Benediksyon” osinon “Beni”. Nan ansyen testaman an, nou jwenn 2 mo:

- 1- **Barak** ki tradwi tou kòm louranj, felisitasyon, salitasyon.
- 2- **Esher** ki tradwi kòm byenere (Bonheur)

Nan nouvo testaman an, nou jwenn 2 mo tou ki se:

- 1- **Eulogeo** ki vle di bèl pawòl osinon bon ripòt ke yon moun bay de yon moun osinon yon bagay
- 2- **Makarios** ki vle di byenere (Bonheur)

Barak

« Bondye kreye gwo bèt lanmè yo, tout kalite bèt vivan k'ap naje nan dlo ansanm ak tout kalite zwazo. Bondye gade sa l' te fè a, li wè l' bon. Bondye **beni** yo, li di. Fè pitit, fè anpil anpil pitit, plen dlo lanmè a. Se pou zwazo yo fè anpil anpil pitit tout sou tè a. » (**Jenèz 1:21-22**)

« Seyè a di Abram konsa. Pati, kite peyi ou la. Kite tout fanmi ou. Kite kay papa ou, ale nan peyi m'a moutre ou la. M'ap ba ou anpil pitit pitit. Y'a tounen yon gwo nasyon. m'a **beni** ou. Y'a nonmen non ou toupatou; w'a sèvi yon **benediksyon** pou tout moun. M'ap voye **benediksyon** mwen sou tout moun ki va mande **benediksyon** pou ou. Men, m'ap madichonnen tout moun ki va ba ou madichon. Gremesi ou, tout nasyon sou latè va jwenn **benediksyon**. » (**Jenèz 12:1-3**)

« Mwen sèman sou tèt mwen. Se mwen menm Seyè a ki di sa. Mwen gen pou m' **beni** ou anpil poutèt sa ou fè a. Ou pa t' refize ban mwen pitit ou a, sèl pitit gason ou genyen an.

*Mwen pwomèt pou m' ba ou anpil pitit pitit. Y'ap tankou zetwal nan syèl la, tankou grenn sab bò lanmè. Y'a bat tout lènmi yo. Gremesi tout pitit pitit ou yo, tout nasyon sou latè pral jwenn **benediksyon**. Wi, yo tout, paske ou te fè sa m' te mande ou fè a. » (Jenèz 22:16-18)*

*« Se konsa yo kite Rebeka, sè yo a, ansanm ak bòn ki te nouris li a pati avèk domestik Abraram lan, ansanm ak moun ki te vin avè l' yo. Yo **beni** Rebeka, yo di l': -Rebeka, sè nou, nou mande Bondye pou ou fè anpil anpil pitit. Se pou pitit pitit ou yo bat tout lènmi yo. » (Jenèz 24:59-60)*

*« Se pou Bondye ba ou lawouze ki soti nan syèl la. Se pou l' fè jaden ou donner anpil. Se pou l' ba ou bèl rekòt ble ak rezen. Se pou kantite pèp soumèt devan ou. Se pou kantite nasyon bese tèt devan ou. Se ou menm ki pou mèt frè ou yo. Se pou pitit pitit manman ou yo bese tèt devan ou. Se pou tout moun ki ba ou madichon jwenn madichon. Se pou tout moun ki **beni** ou jwenn **benediksyon**. » (Jenèz 27:28-29)*

Esher

*« **Heureux** l'homme que Dieu châtie! Ne méprise pas la correction du Tout Puissant. »*

*« **Ala bon sa bon** pou yon moun lè Bondye ap koriye l'! Lè Bondye ki gen tout pouvwa a ap pini ou, pa pran sa an jwèt! » (Jòb 5:17)*

*« **Heureux** l'homme qui ne marche pas selon le conseil des méchants, Qui ne s'arrête pas sur la voie des pécheurs, Et qui ne s'assied pas en compagnie des moqueurs, Mais qui trouve son plaisir dans la loi de l'Éternel, Et qui la médite jour et nuit! Il est comme un arbre planté près d'un courant d'eau, Qui donne son fruit en sa saison, Et dont le feuillage ne se flétrit point: Tout ce qu'il fait lui réussit. »*

*« **Ala bon sa bon** pou moun ki pa koute konsèy mechan yo, ki pa swiv egzanp moun k'ap fè sa ki mal, ki pa chita ansanm ak moun k'ap pase Bondye nan betiz, men ki pran tout plezi l' nan lalwa Seyè a, k'ap repase l' nan tèt li lajounen kou lannwit. Li tankou yon pyebwa yo plante bò kannal dlo: Li donner lè sezon l' rive. Fèy li p'ap janm fennen. Tou sa l' fè soti byen. » (Sòm 1:1-3)*

Eulogeo

*« Pendant qu'ils mangeaient, Jésus prit du pain et prononça la prière de **bénédition**, puis il le rompit et le donna aux disciples en disant: «Prenez, mangez, ceci est mon corps. » Second 21*

*« Antan yo t'ap manje, Jezi pran pen, li **di Bondye mèsi**, li kase l', li bay disip yo, li di: Pran, manje. Sa se kò mwen. » (Matye 26:26)*

*« Ne rendez point mal pour mal, ou injure pour injure; **bénissez**, au contraire, car c'est à cela que vous avez été appelés, afin d'hériter la bénédiction. »*

« Pa rann moun mal pou mal, jouman pou jouman. Okontrè, lè konsa, **mande benediksyon** pou yo, paske se benediksyon Bondye te pwomèt pou l' ban nou lè li te rele nou an. » **(1 Pyè 3:9)**

Makarios

« De même David exprime **le bonheur** de l'homme à qui Dieu impute la justice sans les oeuvres: **Heureux** ceux dont les iniquités sont pardonnées, Et dont les péchés sont couverts! **Heureux** l'homme à qui le Seigneur n'impute pas son péché! »

« Se sa David te vle di, lè l' deklare: yon moun Bondye fè gras san Bondye pa gade sou sa l' fè, se **moun konsa ki beni: Ala bon sa bon** pou moun lè Bondye padonnen peche yo, lè Bondye pa gade sou fèt yo fè! **Ala bon sa bon** pou yon moun lè Bondye pa mande l' kont pou sa li fè ki mal! » **(Ròm 4:6-8)**

Nan pasaj ke nou prale li kounye a, nou jwenn ke Jezi te itilize mo “benediksyon an” anpil fwa. Nan **Matye 5:1-11**, nou li:

« Lè Jezi wè foul moun yo, li moute sou yon mòn. Li chita. Disip li yo pwoche bò kote l'. Li tanmen moutre moun yo anpil bagay. Li di yo:

Benediksyon pou moun ki konnen se pòv yo ye devan Bondye, paske peyi Wa ki nan syèl la, se pou yo li ye.

Benediksyon pou moun ki nan lapenn, paske Bondye va ba yo kouraj.

Benediksyon pou moun ki dou, paske y'a resevwa byen Bondye te sere pou yo a sou latè.

Benediksyon pou moun ki anvè viv jan Bondye vle l' la, paske Bondye va ba yo sa yo vle a.

Benediksyon pou moun ki gen kè sansib, paske Bondye va fè yo wè jan li gen kè sansib tou.

Benediksyon pou moun ki pa gen move lide nan tèt yo, paske y'a wè Bondye.

Benediksyon pou moun k'ap travay pou lèzòm viv byen yonn ak lòt, paske Bondye va rele yo pitit li.

Benediksyon pou moun ki anba pèsekisyon lè y'ap fè sa Bondye mande, paske peyi Wa ki nan syèl la, se pou yo li ye.

Benediksyon pou nou lè moun va joure nou, lè y'a pèsekite nou, lè y'a fè tout kalite manti sou nou paske se moun pa m' nou ye. »

An nou gade nan jan ke nou itilize benediksyon nan lavi nou chak jou.

- a- Genyen de fwa, nou itilize li kòm yon salitasyon. Pa egzanp, lè ou di yon moun: “**Bondye beni ou**”.
- b- Genyen de fwa, nou itilize li kòm yon mo de louranj. Pa egzanp, lè yon moun di: “**Mwen beni Non Bondye**”.

- c- Genyen de fwa, nou itilize li kòm yon mo de sanktifikasyon. Pa egzanp, lè yon moun prale manje epi li di: “**Bondye, beni manje sa a ke mwen prale manje a**”.
- d- Genyen de fwa, nou itilize li lè ke yon bon bagay rive nou epi nou kontan pou sa ki rive a. Pa egzanp, yon moun ki tap chèche yon travay epi li jwenn li epi li di: “**Bondye beni mwen, Li fèm jwenn travay sa a**”.

Nou jwenn ke tout egzanp sa yo genyen yon sans pozitif ladan yo. Men, genyen plis detay ke nou vle wè sou sijè sa a.

Èske ou ta renmen Bondye beni ou?

Sa se yon kesyon ke tout moun ap bay menm repons lan paske tout moun ta renmen resevwa benediksyon nan men Bondye. Nan **Travay 4, vèsè 1 a 3**, nou li:

*« Antan Pyè ak Jan t'ap pale ak pèp la, prèt yo, kòmandan lagad tanp lan ak sadiseyen yo vin rive. Yo te fache anpil dèske apòt yo t'ap moutre pèp la anpil bagay, dèske yo t'ap anonse yo moun mouri kapab leve menm jan Jezi te leve soti vivan nan lanmò. **Yo arete yo**, yo mete yo nan prizon pou jouk nan denmen paske solèy te fin kouche. »*

Èske nou kapab di ke sa ki te rive Pyè ak Jan an se yon benediksyon ke sa ye? Wi ou Non?

Nan **Travay 6, vèsè 8 a 13**, nou li:

« Etyèn te yon nonm Bondye te beni anpil, li te gen anpil pouvwa. Li t'ap fè gwo bèl bagay ak mirak nan mitan pèp la. Se konsa kèk moun leve dèyè li. Pami yo te gen manm sinagòg yo rele sinagòg Ansyen Esklav yo. (Se jwif lavil Sirèn ak lavil Aleksandri ki te ladan l'.) Yo menm ansanm ak lòt jwif ki soti Silisi ak Lazi yo pran diskite ak Etyèn. Men, yo pa t' kapab kenbe tèt avèk li: Etyèn t'ap pale avèk bon konprann Sentespri te ba li. Lè yo wè sa, **yo peye kèk moun pou di**: Nou tandè l' ap pale mal sou Moyiz ak sou Bondye. Se konsa, yo moute tèt pèp la ansanm ak chèf fanmi yo ak dirèktè lalwa yo. Y' al kot Etyèn, yo mete men sou li, yo trennen l' devan Gran Konsèy la. Yo mennen lòt moun tou pou fè manti sou li, yo t'ap di: Nonm sa a pa sispann pale mal sou tanp Bondye a ak sou lalwa Moyiz la. »*

Èske se te yon benediksyon li te ye pou Etyèn lè yo te fè manti sou li, lè yo te akize li? Wi ou Non?

Ankò, nan **Travay 8, vèsè 1 a 3**, nou li:

*« Sòl menm te dakò pou yo te touye Etyèn. Menm jou sa a, **yo kòmanse pèsekite legliz Jerizalèm lan anpil**. Tout disip yo gaye kò yo nan peyi Jide ak nan peyi Samari. Se apòt yo sèlman ki te rete Jerizalèm. Kèk moun ki renmen Bondye te antere Etyèn, yo te kriye anpil pou li. Sòl menm te soti pou l' fini ak legliz la. Li mache kay an kay, li trennen tout moun ki kwè yo rache yo met deyò pa fòs, li fè fèmèn fanm kou gason nan prizon. »*

Èske nou kapab di ke se te yon benediksyon li te ye pou legliz lè Sòl ak patizan li yo tap pèsekite Legliz? Wi ou Non?

Men kisa Jezi di nan youn nan pasaj ke nou wè deja yo:

« **Benediksyon pou moun ki anba pèsekisyon lè y'ap fè sa Bondye mande, paske peyi Wa ki nan syèl la, se pou yo li ye. Benediksyon pou nou lè moun va joure nou, lè y'a pèsekite nou, lè y'a fè tout kalite manti sou nou paske se moun pa m' nou ye. Fè kè nou kontan. Wi, nou mèt kontan nèt, paske yon gwo rekonpans ap tann nou nan syèl la. Se konsa yo te pèsekite pwofèt ki te vini anvan nou yo.» (Matye 5:1-11)**

Tout moun ta renmen pou Bondye lage benediksyon sou yo paske pou yo menm, benediksyon se bèl bagay nèt ale.

Si yo malad, se pou Bondye beni yo ak gerizon.

Si yo razè, se pou Bondye beni yo ak lajan.

Si yo nan grangou, se pou Bondye beni yo ak anpil manje.

Si yon ta nan prizon, se pou Bondye beni yo ak libète.

An nou pran egzanp Pòl ki tap souffri ak yon maladi. Men ki sa Pòl ekri nan **2 Korent 12, vèsè 7 a 10**:

« *Malgre sa, pou lògèy pa fè m' gonfle avèk kalite bèl revelasyon sa yo mwen resevwa, yo ban m' yon kalite maladi nan kò m' k'ap fè m' souffri, ou ta di yon zanj Satan voye maltrete m' pou anpeche m' gen lògèy. An twa fwa mwen lapriye Seyè a pou maladi sa a, mwen mande l' pou l' wete li sou mwen. Chak fwa, li reponn mwen: Se favè m' ase ou bezwen. Paske lè ou fèb, se lè sa a moun wè pouvwa mwen nan ou. Se poutèt sa, nan fon kè m', mwen pito pale sou feblès mwen pou pouvwa Kris la ka mete m' anba zèl li. **Se sak fè tou mwen kontan anpil lè m' santi m' fèb, lè y'ap joure m', lè m' nan lafliksyon, lè m' anba pèsekisyon, lè m' nan difikilte, lè m'ap sibi tou sa akòz Kris la. Paske lè m' fèb, se lè sa a mwen gen fòs.*** »

Pòl te vin reyalize ke maladi ki tap fè li souffri a, se te yon benediksyon paske maladi a te kontwole li pou lògèy pat gonfle li.

An nou pran egzanp Josèf!

1- Frè li yo te lage li nan yon pi ki pat genyen dlo ladan li.

« *Woubenn t'ap koute yo, li t'ap chache yon jan pou sove Jozèf anba men yo. Li di yo: -Piga nou touye l'. Pa fè san koule. Ann voye l' jete nan pi sa a ki nan dezè a. Men, pa leve men sou li. Li t'ap di yo sa paske li te fè lide sove l' anba men yo pou l' te voye l' tounen bay papa l'. Lè Jozèf rive bò kote frè l' yo, yo wete bèl varèz long ak manch ki te sou li a. Yo pran l', yo jete l' nan pi a. Pi a te vid, li pa t' gen dlo.* » (Jenèz 37:21-24)

2- Frè li yo vann li kòm esklav.

« *Lè machann Madyan yo vin ap pase, yo rale Jozèf moute sot nan pi a. Yo vann li ak moun Izmayèl yo pou vin pyès lajan. Moun Izmayèl yo menm mennen l' nan peyi Lejip.* » (Jenèz 37:28)

3- Madan Potifa fè manti sou Jozèf; li akize Jozèf.

« Yon jou, Jozèf vin pou fè travay li nan kay la. Lè sa a pesonn pa t' la: Madanm lan kenbe rad Jozèf, li di l': -Jòdi a, se pou ou kouche avè m'. Lè Jozèf wè sa, li chape kò l' met deyò, li kite rad la nan men madanm lan. Madanm lan menm, lè li wè Jozèf te kite rad la nan men l' pou l' kouri ale deyò, li rele domestik li yo, li di yo: -Nou wè sa! Mari mwen mennen yon ebre nan kay la, men koulye a li soti pou avili m'. Li vini jwenn mwen jouk isit la, li vle pou m' kouche avè l'. Mwen pete rele. » **(Jenèz 39:11-14)**

4- Potifa mete Jozèf nan prizon.

« Lè Potifa tande madanm li di l' sa domestik li a te fè l', li move sou Jozèf. Li fè arete l', mete l' nan prizon kote yo fèmen tout prizonye wa a. Se konsa Jozèf twouve l' nan prizon. » **(Jenèz 39:19-20)**

5- Josèf bay farawon an esplikasyon rèv li yo.

« Se jan m' sot di farawon an: Bondye vle fè ou konnen sa li pral fè. Pandan sèt lanne pral gen bèl rekòt nan tout peyi Lejip la. Apre sa, pral gen sèt lanne grangou. Lè sa a, moun pral bliye tout bèl rekòt yo te fè nan peyi a. Grangou pral fini nèt ak peyi a. Grangou ki pral tonbe sou peyi a pral rèd anpil. Moun p'ap wè tras rekòt ki te fèt nan peyi a. Si farawon an fè menm rèv la de fwa, sa vle di Bondye gen tan fin fè plan l' nèt. Se yon bagay Bondye pral fè talè konsa. Koulye a, se pou farawon an chwazi yon moun ki gen lespri ak bon konprann pou l' mete l' chèf sou tout peyi Lejip la. Se pou ou mete chèf toupatou nan peyi Lejip la, pou yo ranmase yon senkyèm nan tout rekòt ki pral fèt pandan sèt bon lanne yo. Se pou yo ranmase pwovizyon pandan tout lanne ki pral vini yo. Se pou farawon an ba yo otorite pou yo anpile pwovizyon yo nan depo nan chak vil, lèfini pou yo veye yo. Konsa, pwovizyon sa yo va sèvi yon rezèv pou peyi a pandan sèt lanne grangou k'ap vin tonbe apre sa sou peyi Lejip, pou grangou pa fini ak peyi a. Farawon an ak tout moun pa l' yo te tonbe dakò ak sa Jozèf te di a. » **(Jenèz 41:28-37)**

6- Farawon an mete li an dezyèm pozisyon aprè li nan peyi Lejip.

« Farawon an di Jozèf: -Gade tout bagay Bondye fè ou konnen! Pa gen pesonn ki gen plis lespri, osinon plis bon konprann pase ou. M'ap mete ou chèf sou tout peyi mwen an. Se pou tout moun nan peyi a obeyi ou. Se sèlman paske mwen wa kifè mwen menm m'a pi gwo chèf pase ou. Apre sa, farawon an di Jozèf: -Gade, m'ap mete ou chèf pou gouvènènan tout peyi Lejip la. Li wete gwo bag ki te nan dwèt li a, li mete l' nan dwèt Jozèf. Li abiye l' ak yon rechanj fèt ak bèl twal fen. Li pase yon chenn an lò nan kou l'. Li fè l' moute sou yon cha. Se te pi bèl cha nan tout peyi a apre cha wa a. Li bay gad onè ki t'ap mache devan Jozèf yo lòd pou yo di byen fè: Abrèk. Se konsa farawon an te mete Jozèf chèf sou tout peyi Lejip la. Farawon an di Jozèf: -Se mwen menm farawon an k'ap pale avèk ou. Pesonn pa gen dwa fè anyen ni al ankenn kote nan peyi Lejip san pèmasyon ou. » **(Jenèz 41:39-44)**

7- Grangou tonbe tout kote.

« Men, yon lè grangou konmanse mete pye nan peyi Lejip la tou. Pèp la menm pran rele nan zòrèy farawon an, y'ap mande manje. Farawon an di moun peyi Lejip yo: -Al jwenn Jozèf. Se li menm ki va di nou sa pou nou fè. Lè grangou a te toupatou nan peyi Lejip la, Jozèf louvri tout depo yo. Li vann moun peyi Lejip yo ble, paske grangou a te rèd anpil nan peyi Lejip la. Moun soti toupatou nan tout lòt peyi yo vin achte ble nan men Jozèf nan peyi Lejip, paske grangou a te rèd anpil toupatou sou latè. » (Jenèz 41:55-57)

8- Frè Jozèf yo vin nan peyi Lejip pou yo te kapab achte manje.

« Lè Jakòb vin konnen te gen ble pou vann nan peyi Lejip, li di pitit li yo: -Poukisa nou chita konsa yonn ap gade lòt, de bra kwaze? Mwen tandè y'ap vann ble nan peyi Lejip. Desann non, al achte ble pou nou ka viv pou nou pa mouri grangou. Se konsa, dis nan frè Jozèf yo desann nan peyi Lejip, y al achte ble. » (Jenèz 42:1-3)

9- Jozèf bay rezon ki fè tout bagay sa yo te rive.

« Jozèf di frè l' yo: -Pwoche vin pi pre m'. Yo pwoche, li di yo: -Se mwen menm Jozèf wi, frè nou an. Se mwen menm wi nou te vann bay moun ki tapral peyi Lejip la. Men koulye a, nou pa bezwen boulvèse. **Nou pa bezwen règrèt nou te vann mwen pou yo mennen m' isit la. Se Bondye ki te voye m' devan pou m' te ka sove lavi nou.** Sa fè dezan depi grangou tonbe sou peyi a. Men, p'ap gen mwayen travay latè ni fè rekòt pou senk lanne ankò. **Bondye te voye m' vini devan pou ras nou an pa t' fini nan peyi a, pou m' te ka sove lavi nou, pou nou pa mouri. Nou wè. Se pa nou menm ki te voye m' isit la, men se Bondye.** Se Bondye menm ki mete m' sèvi yon papa pou farawon an. Mwen se chèf nan tout kay li, se mwen k'ap gouvènen tout peyi Lejip la. » (Jenèz 45:4-8)

Tout bagay ki te rive Jozèf yo, se te benediksyon ke yo te ye. Se travay Bondye ke yo te ye. Istwa lavi Jozèf enpòtan anpil pou moun jwif, men anpil kretyen pa reyalize enpak ke Jozèf fè nan istwa legliz. Bondye te chanje non Jakòb ki se papa Jozèf.

« Bondye di l' konsa: -**Yo rele ou Jakòb pa sa? Men, yo p'ap rele ou Jakòb ankò, y'a rele ou Izrayèl.** Depi lè sa a, se **Izrayèl** yo rele l' vre. Bondye di l' ankò: -Se mwen menm Bondye ki gen tout pouvwa a. **W'ap gen anpil pitit ak pitit pitit. Gen ladan yo k'ap wa.** W'ap si tèlman gen anpil pitit pitit, y'a tounen yon kantite nasyon. » (Jenèz 35:10-11)

Se nan li menm ke 12 tribi pèp Izrayèl yo sòti epi Jezi te fèt nan tribi Jida a. Si Bondye pa sove Izrayèl, nou pa tap jwenn Jezi ki se sovè nou e ki se fondatè legliz.

Genyen yon atis ki bay benediksyon sa yo yon ti non, li rele yo: “Benediksyon degize” paske yo pa parèt kòm yon bagay pozitif pou moun nan lè li nan mitan sitiyasyon yo. Konbyen fwa ke moun konn ap blame Satan, peche osinon lòt moun lè ke yo pa konprann ke antan ke kretyen, kote ke ou ye a, se la ke Bondye vle ke ou ye.

An nou konpare 2 sitiyasyon ke Pyè ak pòl te andire. Nan **Travay 12: 1 a 10**, nou li:

« Nan menm epòk sa a, wa Ewòd te pran maltrete kèk manm nan legliz la. Li fè touye Jak, frè Jan an, ak nepe. Lè l' wè sa te fè jwif yo plezi, li fè arete Pyè tou. Se te epòk fèt Pen san ledven an. Lè li fin arete Pyè, Ewòd fè mete l' nan prizon. Li mete kat eskwad, yo chak avèk

kat sòlda, pou veye li. Li te fè lide pou l' te mennen l' devan pèp la apre fèt Delivrans jwif yo. Pyè te anba gwo siveyans nan prizon an. Men, manm legliz yo t'ap lapriye Bondye pou li san rete.

Lavèy jou pou Ewòd ta mennen Pyè konparèt devan pèp la, nan mitan lannwit Pyè t'ap dòmi ak de sòlda, yonn sou chak kote li. Yo te mare l' ak de chenn. Epi te gen gad devan pòt la ki t'ap veye prizon an. Yon zanj Bondye rete konsa li parèt, yon limyè klere tout kacho a. Zanj lan manyen Pyè bò kòt, li souke l', li di li: Leve vit. Chenn ki te mare men l' yo tonbe. Zanj lan di li: Mete sentiwon ou, mare sapat ou. Pyè fè tou sa. Zanj lan di l' ankò: Mete gwo rad ou sou ou, swiv mwen.

Pyè swiv zanj lan, li mache soti nan kacho a. Li pa t' kwè sa zanj Bondye a t'ap fè a se te vre. Li te kwè se reve l' t'ap reve. Yo pase premye pòs gad la, yo pase dezyèm pòs la, yo rive bò pòtay an fè ki bay sou lavil la. Pòtay la louvri pou kont li devan yo. Yo soti, yo pran lari. Menm lè a, zanj lan kite Pyè. »

Nou wè ke Bondye te delivre Pyè nan prizon kote ke misye te anba gwo siveyans. Lè nou li pi ba nan pasaj la, nou wè ke Pyè te oblije lage kò li yon kote pou yo pat jwenn li. Pi ba, nou li:

« Pyè frape nan pòt devan an. Yon sèvant yo rele Wòd vin reponn. Li rekonèt vwa Pyè. Li te sitèlman kontan, li pa louvri pòt la, li kouri antre al di moun yo: Men Pyè deyò a wi. Yo di li: Gen lè ou pèdi tèt ou? Men, li te kenbe sa l' te di a se vre. Lè sa a, yo di li: Se dwe bonnanj li. Men, Pyè t'ap frape pi rèd toujou. Lè yo louvri pòt la, yo wè l', yo pa t' manke sezi.

Li fè yo siy ak men l' pou yo pa pale, epi l' rakonte yo ki jan Bondye te fè l' soti nan prizon an. Li di yo ankò. Al di Jak sa pou mwen ansanm ak lòt frè yo. Epi l' soti, li al yon lòt kote. Lè l' fè jou, gad yo te nan yon pakèt tèt chaje. Yo t'ap mande kote Pyè pase. Ewòd fè chache l' toupatou, men yo pa jwenn li. Li fè keksyonnen gad yo. Lèfini, li bay lòd touye yo. Apre sa, Ewòd kite peyi Jide, li al lavil Sezare kote li pase kèk tan. » (Travay 12: 13-19)

An nou gade yon lòt pasaj ki se **Travay 21:10 a 13** ki li:

*« Te gen kèk jou depi nou te la lè yon pwofèt yo rele Agabis desann soti nan Jide. Li vin jwenn nou. **Li pran sentiwon ki te nan ren Pòl la, li mare de pye pa l' ak de men pa l' yo, epi li di: Men sa Sentespri deklare: Se konsa jwif Jerizalèm yo pral mare mèt sentiwon sa a; apre sa, y'ap lage l' nan men moun lòt nasyon yo.***

Lè nou tandè sa, nou menm ansanm ak tout moun Sezare yo t'ap di Pòl konsa: Tanpri souple, pa moute Jerizalèm. Men, li reponn nou: Poukisa pou n'ap kriye konsa, pou n'ap chache kraze kouraj mwen konsa? Mwen menm, se pa pare sèlman mwen pare pou m' kite yo mare mwen. Menm si mouri vini, m'ap mouri pou Seyè Jezi nan Jerizalèm. »

Nan ka Pòl la, nou wè ke anvan menm ke Pòl te ale nan Jerizalèm, Sentespri te gen tan revele ke yo ta pral fèmen misye nan prizon. Nan **Travay 21:27 a 33**, nou jwenn ke sa te pase jan ke Sentespri te revele li a.

« Sèt jou yo te prèt pou fini lè jwif ki soti nan pwovens Lazi yo wè Pòl nan tanp lan. Yo moute tèt foul moun yo, yo mete men sou li. Yo t'ap rele: Moun ras Izrayèl yo, pote nou konkou!

Men nonm k'ap plede mache toupatou pale mal ak tout moun sou do pèp Izrayèl la, sou do Lalwa Moyiz la, sou do tanp sa a. Koulye a, li penmèt li fè moun ki pa jwif antre nan tanp lan, l'ap lakòz kote nou mete apa pou Bondye a pa nan kondisyon pou fè sèvis Bondye. (Yo t'ap di sa, paske yo te wè Twofim, moun lavil Efèz, ansanm ak Pòl nan lavil la. Yo te konprann Pòl te fè l' antre nan tanp lan tou.) Tout lavil la te tèt anba, moun kouri soti toupatou. Yo mete men sou Pòl. Yo trennen l' deyò, epi lamenm yo fèmen tout pòt tanp lan.

Yo t'ap chache yon jan pou touye Pòl, lè nouvèl la rive nan zòrèy kòmandan batayon women an. Yo te vin di l' ki jan tout lavil la te tèt anba. Lamenm li pran kèk ofisye ak kèk sòlda avèk li, li kouri desann bò kote foul moun yo. Yo menm menm, lè yo wè kòmandan an ak sòlda yo yo sispann bat Pòl. ***Kòmandan an pwoche bò kot Pòl, li fè yo arete l', li bay lòd pou yo mare l' ak de chenn.*** Lèfini, li mande ki moun li te ye, kisa l' te fè. »

Nan 2 istwa ke nou li yo, kilès nan mesye sa yo ki te beni? Tout moun gen dwa dakò ke Bondye te beni Pyè paske Bondye te delivre misye nan prizon kote ke li te ye a. Men, èske arestasyon ak anprizonman Pòl la, se yon benediksyon ke sa te ye pou Pòl? An nou li pawòl Jezi yo ankò!

« ***Benediksyon pou moun ki anba pèsekisyon lè y'ap fè sa Bondye mande, paske peyi Wa ki nan syèl la, se pou yo li ye.*** »

Benediksyon pou nou lè moun va joure nou, lè y'a pèsekite nou, lè y'a fè tout kalite manti sou nou paske se moun pa m' nou ye. » (Matye 5:10-11)

Anprizonman Pòl la, menm jan ak maladi li a se benediksyon ke yo te ye. Anpil nan nou bezwen grandi nan konesans nou pou nou konprann ke lenfini pi enpòtan ke tanporè. Menm jan ke bonè dizan (10 ane) pi enpòtan ke bonè osinon plezi yon jou, se konsa ke benediksyon pa sèlman pou yon jou, men se pou letènite.

Lè yon moun bay tanporè plis priyorite ke letènite, moun sa a kapab pèdi anpil bagay. Se sa ki te rive Ezaou lè li te vann dwa kòm premye pitit li pou manje ki tap plen vant pou yon moman. Nan **Jenèz 25, vèsè 29 a 34**, nou li:

« Yon jou, Jakòb te fin kwit yon bon bouyon, Ezaou antre sot nan jaden, li te bouke anpil. Li di Jakòb konsa: -M'ap mouri grangou. Tanpri, ban m' ti gout nan bouyon pwa wouj ou a. Se poutèt sa yo te bay Ezaou yon lòt ti non. Yo te rele l' Edon. Men Jakòb di l': -M'ap ba ou ti gout si ou vann mwen dwa ou kòm premye pitit. Ezaou reponn: -Dakò. Mwen pral mouri. Kisa dwa kòm premye pitit la ap sèvi m'? »

Jakòb di li: -Fè m' sèman anvan. ***Ezaou fè sèman ba li, li vann li dwa l' kòm premye pitit. Lèfini, Jakòb ba li pen ak ti gout nan bouyon pwa a.*** Ezaou manje, li bwè. Li leve, li pati. Konsa, Ezaou te konsidere dwa li kòm premye pitit pou anyen. »

Pwen enpòtan ke nou bezwen kenbe sè ke benediksyon pa yon bagay ki bon pou ou pou yon ti tan osinon yon moman. Benediksyon se yon bagay ki bon pou ou etènèlman. Anpil fwa, benediksyon an pa dous pou yon moman men lap bon pou ou etènèlman.

Nou wè wout ke Jozèf te pase anvan ke li te rive kote ke Bondye te vle li rive. Èske bagay yo te dous pou li lè li te nan lesklavaj ak lè li te nan prizon an?

Eske Pòl tap byen mennen lè li te nan prizon an?

Pou yon ti tan, bagay yo pat dous pou mesye sa yo, men lè nou gade nan long tèm, se te yon bon bagay ke li te ye pou yo.

Pou ou menm, ki bagay ki te rive ou nan lavi ou kote ke bagay yo pat bon pou ou ditou epi apre sa, ou vin reyalize ke se benediksyon Bondye ke sa te ye?

Nou bezwen toujou sonje ke tout bagay nan men Bondye; pa genyen anyen kap pase si Bondye pa bay pèmisyon. Sou tè sa a, eprèv ap vini sou fòm maladi, soufrans, grangou, razè, pwoblèm fanmi...etc, men konprann byen ke Bondye toujou la avèk nou nan mitan eprèv yo.

Nan **Jan 16:33**, Jezi di:

*« Je vous ai dit ces choses, afin que **vous ayez la paix en moi. Vous aurez des tribulations dans le monde;** mais prenez courage, j'ai vaincu le monde. »*

*« Mwen pale konsa pou nou kapab **gen kè poze nan mwen. Nou gen pou n' souffri anpil sou latè. Men, pran kouraj, lemonn deja pèdi devan mwen. »***

Jezi di klèman ke nap genyen pwoblèm nan monn lan, poutan anpil moun sezi, yo etone lè pwoblèm tonbe sou yo. Se menm jan an tou lè nou li nan **1 Korent 7:26 a 28**, Pòl ekri:

*« Jan tan an difisil koulye a, men lide m' fè nan tèt mwen. Mwen kwè sa bon pou yon nonm rete jan l' ye a. Si l' gen tan gen yon madanm, li pa bezwen chache separe avè li. Si l' poko marye, li pa bezwen chache yon madanm. Si l' ta vle marye tou, li mèt; li p'ap fè ankenn peche. Konsa tou, si yon jenn fi vle marye, li pa fè peche pou sa. Men, **moun k'ap marye yo pral gen kont traka yo nan lavi a.** Mwen pa ta renmen wè sa rive yo. »*

Li klè ke Pòl anseye nou ke genyen pwoblèm nan maryaj, men anpil moun toujou vle sezi kòm si se yon bagay ki nouvo, yon bagay ki poko janm rive e ki pat dwe rive.

Mezanmi, kèlkeswa non ke ou ba li a: pwoblèm, traka, soufrans, eprèv, ou pa kapab chape anba yo pou ou pa jwenn yo; sa ki enpòtan an, se kouman ou reyaji lè bagay sa yo rive.

Pa gaspye soufrans ou yo!

- 1) Wap gaspye soufrans ou yo si ou pa kwè ke se Bondye ki kite yo rive.
- 2) Wap gaspye soufrans ou yo si ou kwè ke soufrans ou yo se yon malediksyon.

- 3) Wap gaspye soufrans ou yo si ou ap chèche sòti nan soufrans lan olye ke ou pwoche pi pre Jezi.
- 4) Wap gaspye soufrans ou yo si ou chèche rekonfò yon lòt kote ke nan Bondye.
- 5) Wap gaspye soufrans ou yo si ou kè ou atriste tankou moun ki san zespwa.
- 6) Wap gaspye soufrans ou yo si ou wè peche menm jan ou te wè l anvan an.
- 7) Wap gaspye soufrans ou yo si ou neglije itilize soufrans ou yo kòm yon zouti pou evanjelize.

Nan **2 Korent 1:3 a 5**, Pòl ekri:

*« Ann fè lwanj Bondye ki papa Jezikri, Seyè nou an, Papa ki gen kè sansib la, **Bondye ki toujou la pou ban nou ankourajman an.** Li ankouraje nou nan tout lapenn nou, **konsa nou menm tou nou ka ankouraje moun ki nan tout kalite lapenn** lè n'a ba yo menm ankourajman nou te resevwa nan men li an. Menm jan nou soufri ak Kris la nan tout soufrans li yo, konsa tou, gremesi Kris la, nou resevwa yon gwo ankourajman. »*

Kijan yon kretyen dwe mennen lavi li.

Yon kretyen ta sipoze yon sous benediksyon pou tout moun ke li rankontre sou wout li. Pyè ekri pou fè nou konnen kòman kretyen an dwe viv; nan **1 Pyè 3, vèsè 9 a 14**, nou li:

*« Pa rann moun mal pou mal, jouman pou jouman. Okontrè, lè konsa, **mande benediksyon pou yo**, paske se benediksyon Bondye te pwomèt pou l' ban nou lè li te rele nou an.*

*Paske: Si yon moun vle jwi lavi a, si l' anvi pase kèk bon kadè sou latè, se pou l' kenbe lang li pou l' pa pale moun mal. **Se pou l' veye bouch li pou l' pa bay manti.** Se pou l' sispann fè sa ki mal, se pou l' fè sa ki byen.*

***Se pou l' chache viv byen ak moun.** Se pou l' fè sa li kapab pou li viv byen ak tout moun. Paske, Bondye veye sou moun k'ap mache dwat devan li. Li tandè yo lè y'ap lapriyè nan pye l'. Men, l'ap vire do bay moun k'ap fè sa ki mal.*

*Ki moun ki ka fè nou mal si se byen ase nou vle fè? Men, **si nou rive soufri poutèt byen nou fè, konsidere sa tankou yon benediksyon.** Nou pa bezwen pè moun, nou pa bezwen toumante tèt nou pou anyen. »*

Pasaj la anseye nou pou nou:

- 1- Pa rann mal pou mal; mande benediksyon pou moun ki fè nou mal.
- 2- Kontwole lang nou.
- 3- Chache viv byen ak tout moun.
- 4- Konsidere soufri poutèt byen nou fè kòm yon benediksyon.

Fini 3 fraz sa yo pou mwen.

- a) Si yo trete ou byen lè ou fè byen, sa se _____
- b) Si yo trete ou mal lè ou fè mal, sa se _____
- c) Si yo trete ou mal lè ou fè byen, sa se _____

Nan 1 Pyè 4:13-15, nou li:

« Okontrè, fè kè n' kontan. Paske, menm jan nou patisipe nan soufrans Kris yo, konsa tou n'a kontan nèt ale lè gwo pouvwa Kris la va parèt. **Si yo joure nou paske n'ap swiv Kris la, konsidere sa tankou yon benediksyon.** Paske, Lespri ki gen gwo pouvwa a, Lespri Bondye a nan nou. **Mwen swete pou pesonn nan nou pa gen pou li souffri paske li te touye moun, osinon paske li te fè sa ki mal, osinon paske li te foute bouch li nan zafè ki pa gade li.** »

Pi gwo benediksyon ke nou jwenn se sali a. Jezi te pran malediksyon an; kounye a, nou kapab jwenn benediksyon an. Pòl ekri:

« Kris la delivre nou anba madichon lalwa lè li te pran madichon an nan plas nou. Se konsa sa te ekri nan Liv la: Madichon pou moun yo pandye sou bwa a. Sa te fèt konsa pou **moun ki pa jwif yo te ka rive resevwa benediksyon Bondye** te pwomèt Abraram lan gremesi Jezikri, pou nou tout te ka resevwa Lespri Bondye te pwomèt la, paske nou te mete konfyans nou nan li. » (Galasi 3:14)

Genyen yon atis ki rele “Laura Story” ki ekri yon chan ke anpil moun apresye mesaj ki sòti nan chan sa a. Li te ekri chan sa a aprè ke doktè te jwenn ke mari li te genyen yon timè nan sèvo li. Yo te fè operasyon ak tretman pou li pou yo te retire timè a. A tout ke yo te gen siksè nan operasyon an, vizyon ak memwa li te gen tan pran domaj.

Nan temwayaj li, Laura di ke li te pran li tan pou li te reyalize ke yo pa konnen kòman sa tap fini, men yo genyen konfyans ke tout bagay ke Bondye kite rive nan lavi yo fèt nan lanmou ke Bondye genyen pou yo. Men kisa chante a di:

Nou priye pou benediksyon, nou priye pou lapè
Konfò pou fanmi nou, pwoteksyon lè nap dòmi
Nou priye pou gerizon, pou pwosperite
Nou priye pou men Ou desann soufrans nou yo
A tout ke Ou tande bezwen ke nou di yo
Men, lanmou Ou twòp, pou Ou ban nou bagay ki pa anyen
Paske, e si benediksyon Ou yo vini tankou grenn lapli?
E si gerizon Ou yo vini nan kriye?
E si pase 1000 nwit san dòmi, se sa kap fè m konnen ke Ou avè m?
E si eprev nan lavi sa a, se gras Ou ki degize?

Nou priye pou sajès, pou nou tande vwa Ou
Nou kriye ak kolè lè nou pa santi Ou touprè n
Nou doute bonte Ou, nou doute lanmou Ou
Kòm si pwomès nan pawòl Ou pa ase
A tout ke Ou tande plenn dezespwa nou yo
Ou vle pou nou genyen lafwa pou nou kwè

Paske, e si benediksyon Ou yo vini tankou grenn lapli?
E si gerizon Ou yo vini nan kriye?
E si pase 1000 nwit san dòmi, se sa kap fè m konnen ke Ou avè m?
E si eprèv nan lavi sa a, se gras Ou ki degize?

Lè zanmi trayi nou, lè fènwa sanble l vle pote vikwa
Doulè fè kè nou sonje ke nou poko lakay nou
Non, nou poko lakay nou, nou pa lakay nou
E si benediksyon Ou yo vini tankou grenn lapli?
E si gerizon Ou yo vini nan kriye?
E si pase 1000 nwit san dòmi, se sa kap fè m konnen ke Ou avè m?
E si eprèv nan lavi sa a, se gras Ou ki degize?
E si pi move desepsyon yo ak tout doulè lavi sa a
Ap revele yon swaf nan kè m, ke monn lan pa kapab satisfè
E si eprèv nan lavi sa a, move tan ak nwit san dòmi yo, se gras Ou ki degize?

Objektif lapriyè.

Youn nan sijè ke anpil moun genyen pwoblèm avèk li, se lapriyè. Kòman pou nou fè konnen si ke Bondye ap reponn priyè nou yo vrèman vre? Genyen moun ki di ke Bondye genyen 3 repons ak lapriyè nou yo: wi, non, tann. An nou eseye konprann kisa Bib la anseye nou. Men kisa Jezi te di disip li yo sou sijè lapriyè a.

*« Jezi reponn yo: Sa m'ap di nou la a, se vre wi: Si nou te gen konfyans nan Bondye, si nou pa t' gen doutans nan kè nou, se pa sèlman sak rive pye fig frans lan nou ta fè. Men, nou ta ka di mòn sa a: Wete kò ou la. Ale jete tèt ou nan lanmè. Sa ta fèt vre. **Si nou gen konfyans nan Bondye, n'a resevwa tou sa n'a mande l' lè n'ap lapriyè.** » (Matye 21:21-22)*

Jezi di disip yo ke yap resevwa **tout** sa ke yo mande nan lapriyè si yo genyen konfyans nan Bondye.

Nou jwenn istwa kote ke Pòl tap souffri ak yon maladi; nan **2 Korent 12: 8 a 9**, Pòl ekri:

« An twa fwa mwen lapriyè Seyè a pou maladi sa a, mwen mande l' pou l' wete li sou mwen. Chak fwa, li reponn mwen: Se favè m' ase ou bezwen. Paske lè ou fèb, se lè sa a moun wè pouvwa mwen nan ou. Se poutèt sa, nan fon kè m', mwen pito pale sou feblès mwen pou pouvwa Kris la ka mete m' anba zèl li. »

Nou wè ke Pòl te priye, men sa ke li te mande a, li pat jwenn li. Èske se konfyans (lafwa) ke li pat genyen ki fè ke li pat jwenn sa li te mande a?

Genyen yon fraz ke nou toujou tande moun di ki se: “Malheur a l’homme qui se confie en l’homme” e nou jwenn li nan **Jeremi 17:5a** ki li:

« Ainsi parle l'Éternel: Maudit soit l'homme qui se confie dans l'homme, Qui prend la chair pour son appui, Et qui détourne son cœur de l'Éternel! »

Se yon malediksyon li ye pou yon moun mete konfyans li nan moun; se nan Bondye sèlman ke nou dwe mete konfyans nou. Ou pa kapab fè menm tèt ou konfyans paske se moun ke ou ye tou. Se pa konfyans ke Pòl pat genyen nan Bondye ki fè ke li pat jwenn gerizon. Okontrè, pasaj la montre nou jan ke li te genyen konfyans (lafwa) nan Bondye. Dèske Pòl genyen konfyans nan Bondye, li konnen ke Bondye ap toujou ba li sa ki pi meyè pou li a.

Lè ke ou fè Bondye konfyans, ou konnen ke li konnen pi byen pase ou sa kap bon pou ou. Se sa ki fè, Bib la anseye nou ke lè nap lapriyè, nou bezwen mande pou volonte Bondye fèt. Pa janm fè tèt ou konfyans pou ou mande volonte pa ou; volonte Bondye ap toujou pi bon pou ou.

Nou priye mal.

Nan Jak 4:3, nou li:

*« Menm lè nou mande, **nou pa resevwa anyen, paske nou mande mal.** Nou mande bagay ki pou satisfè pwòp dezi pa nou sèlman. »*

Vrè osinon bon priyè fèt lè ke dezi (volonte) moun kap priye a tonbe dakò ak volonte Bondye. Men kisa Jezi te di disip yo lè yo te mande Jezi kijan pou yo priye:

« *Men ki jan pou nou lapriyè: Papa nou ki nan syèl la, Nou mande pou yo toujou respekte non ou. Vin tabli gouvènman ou, **pou yo fè volonte ou sou latè, tankou yo fè l' nan syèl la.** » (Matye 6:9-10)*

Nan lang fransè a, vèsè 10 la li: « *que ton règne vienne; **que ta volonté soit faite** sur la terre comme au ciel.* »

Nou jwenn nan jou swa arestasyon Jezi a, li te swiv menm prensip ke li te anseye disip yo.

« *Aprè sa, Jezi ale ak disip yo yon kote yo rele Jetsemane. Li di yo: Chita la. Mwen menm, mwen pral lapriyè pi lwen. Li pran Pyè ansanm ak de pitit Zebede yo avèk li. Lè sa a, li santi yon lapenn ak yon kè sere ki pran li. Li di yo: Mwen gen lapenn anpil. Mwen santi se mouri m'ap mouri. Rete la avèk mwen, pa kite dòmri pran nou. li al yon ti kras pi lwen, li lage kò l' fas atè, li lapriyè konsa: O Papa mwen. Si sa te ka fèt, wete gode soufrans sa a devan je mwen. **Men, se sa ou vle a ki pou fèt, pa sa mwen vle a.** » (Matye 26:36-39)*

Nan lang fransè a, vèsè 10 la li: « *Mon Père, s'il est possible, que cette coupe s'éloigne de moi! **Toutefois, non pas ce que je veux, mais ce que tu veux.*** »

Jan te ekri:

« *Se poutèt sa kè nou pa sote devan Bondye. Nou konnen l'ap koute nou si nou mande l' **kichòy ki dakò ak volonte li.*** » (1 Jan 5:14)

Si Bondye pa vle yon bagay fèt, li pap fèt; tout sa ki rive, se paske Bondye vle kite li rive. Tout sa Bondye vle, se sa ki toujou pi bon.

Objektif lapriyè se pa eseye ke wap eseye fòse Bondye osinon fè Bondye chanje lide li pou ou jwenn sa ke ou vle a. Bondye se pa Tonton Nwèl ke li ye. Premye objektif lapriyè se aliye volonte ou ak volonte Bondye pou yo tonbe dakò.

Nou jwenn ke Bondye te di Pòl:

« *Se favè m' ase ou bezwen. Paske **lè ou fèb**, se lè sa a **moun wè pouvwa mwen** nan ou.* »

Nou jwenn ke Pòl te tonbe dakò ak Bondye. Pòl ekri:

« *Se poutèt sa, **nan fon kè m'**, mwen pito pale sou **feblès mwen** pou **pouvwa Kris la** ka mete m' anba zèl li.* »

Pòl te tonbe dakò ak volonte Bondye; se sa ki rele lè yon moun genyen konfyans nan Bondye. Anpil fwa, genyen moun ki aji kòm si se yo menm ki Bondye a; lè ke yo fè yon demann nan lapriyè, Bondye dwe fè sa ke yo vle a. Men, nou bezwen konprann ke genyen yon sèl Bondye ki genyen tout pouvwa e tout moun bezwen soumèt yo devan Bondye sa a.

Nou jwenn ke Pòl te mennen lavi li yon jan pou li te toujou rete anba volonte Bondye. Nan **Women 1: 9 a 11**, Pòl ekri:

« Mwen pran Bondye pou temwen, Bondye m'ap sèvi ak tout kè mwen lè m'ap anonse bon nouvèl Pitit li a. Se toutan m'ap nonmen non nou; se san rete m'ap lapriyè pou nou; m'ap mande Bondye pou l' kite mwen vin vizite nou yon lè konsa, **si se volonte li**. Se pa ti anvè mwen pa anvè wè nou pou m' separe ak nou kèk benediksyon Bondye ban mwen, pou n' kapab vin pi fèm. »

Nan **Women 15: 31 a 32**, li ekri:

« Lapriyè pou m' ka delivre anba moun Jide yo ki pa vle kwè. Lapriyè tou pou moun k'ap viv apa pou Bondye nan lavil Jerizalèm, pou yo ka byen resevwa lajan m'ap pote ba yo a. Konsa, **si Bondye vle**, m'a rive lakay nou ak kè kontan, epi m'a pran yon ti repo nan mitan nou. »

Konpare **Lik 1:8-14, Ezayi 40:3, Jan 1:23**. Kisa nou panse de 3 pasaj sa yo dapre sijè ke nap trete la a?

Nou bezwen remèsye Bondye dèske Li pa toujou ban nou sa ke nou mande yo, men Li ban nou sa ki pi bon pou nou yo. Anpil bagay ke nou mande Bondye, bagay sa yo ta kapab deranje lavi nou osinon lavi lòt moun ki nan lavi nou. Nan **Women 8:26 a 27**, nou li:

« Se konsa tou, Lespri Bondye a vin ede nou, atout nou fèb la, paske **nou pa konnen kisa pou n' mande lè n'ap lapriyè, ni ki jan pou nou lapriyè. Men, se Lespri Bondye a menm k'ap lapriyè Bondye pou nou**. L'ap pouse gwo soupi moun pa ka esplike. Bondye menm ki konnen sa ki nan kè tout moun, li konnen kisa Lespri li a vle mande, paske sa **Bondye vle a se sa Lespri li a ap mande pou tout moun k'ap viv pou Bondye**. »

Kisa ki rive ak tout priyè ke moun Bondye yo fè yo?

Nan **Revelasyon 5:8**, nou li

« Lè li pran liv la, kat bèt vivan yo ansanm ak vennkat granmoun yo tonbe ajenou devan ti Mouton an. Yo chak te gen nan men yo yon gita pou fè mizik ak yon gode fèt an lò ki te plen lansan. **Lansan an se lapriyè moun Bondye yo**. »

Pran yon ti tan pou ou medite sou mesaj nan chante sa a ki se priyè yon moun ki lage tout li menm bay Bondye.

Mwen pa konprann, mwen tandè tout sa Ou di m byen klè
Mwen te fè tout sa Ou mande, kounye a, gade kote mwen ye
Mwen pa vle panse, mwen gen dwa pa janm konprann
Ke tout soufrans mwen yo fè pati de plan Ou
Lè m eseye priye, sa m santi, se doulè ak pawòl sa a

Volonte w fèt, Volonte w fèt, Volonte w fèt

Mwen konnen w bon, mwen pa santi m bon kounye a
E m konnen Ou panse, bagay mwen pap janm panse
Li difisil pou mwen gen lajwa, bwi yo distrè mwen
Map eseye fè sans de tout pwomès Ou yo
Mwen bezwen kanpe, pou mwen sonje ke Ou se Bondye
Mwen pa Bondye

Mwen konnen Ou wè m, mwen konnen Ou tandè m, Seyè
Plan ke Ou genyen pou mwen, bon bagay ke Ou sere pou mwen
Mwen konnen Ou tandè m, mwen konnen Ou wè m, Seyè
Plan ke Ou genyen pou mwen, bon bagay ke Ou sere pou mwen

Volonte w fèt, Volonte w fèt, Volonte w fèt

Tankou yon timoun sou jenou, nenpòt sa ki rive

Volonte w fèt, Volonte w fèt, Volonte w fèt

Mwen konnen Ou wè m, mwen konnen Ou tandè m, Seyè

Nan **Sòm 37:4**, nou li:

« *Si se nan Seyè a ou pran tout plezi ou, l'a ba ou tou sa ou ta renmen.* »

« *Fais de l'Éternel tes délices, Et il te donnera ce que ton cœur désire.* »

Kisa pasaj sa a vle di pou ou?

Kontradiksyon nan Bib la

Eske genyen kontradiksyon nan Bib la? Genyen moun ki di ke genyen erè nan Bib la paske yon pasaj gen dwa di yon bagay epi yon lòt pasaj di yon lòt bagay. An nou gade kèk ladan yo.

Kibò premye rankont Pyè ak Jezi te fèt?

« Antan Jezi t'ap mache bò lanmè Galile a, li wè de frè: Simon, yo rele Pyè a, ak Andre, frè li. Yo t'ap voye privye nan lanmè a, paske se pechè pwason yo te ye. Jezi di yo konsa: vin jwenn mwen, m'a fè nou tounen pechè moun pito. Lamenm, yo kite privye yo, y' ale avèk li. Jezi vanse pi lwen, li wè de lòt frè, Jak avèk Jan, pitit Zebede yo. Yo te chita nan kannòt yo ansanm ak papa yo, yo t'ap repare privye yo. Jezi rele yo. » **(Matye 4:18-21)**

« Lè li fin pale, li di Simon konsa: Vanse kannòt la plis nan fon; jete senn ou pou peche. Simon reponn li: Mèt, nou pase tout nwit lan ap travay san nou pa pran anyen. Men, paske se ou ki di nou fè sa, nou pral lage senn lan. Yo lage senn lan; yo pran yon kantite pwason. Tèlman pwason yo te anpil, senn lan t'ap chire. Yo fè asosye yo ki te nan lòt kannòt la siy vin ede yo. Yo vini; de kannòt yo te sitèlman plen pwason, yo te prèt pou koule. Lè Simon Pyè wè sa, li lage kò l' nan pye Jezi, li di l' konsa: Mèt, pa rete kote mwen, paske mwen pa bon. Yon sèl sezisman te pran Simon ak tout mesye ki te avèk li yo lè yo wè kantite pwason yo te pran. Se te menm bagay la tou pou Jak ak Jan, de pitit Zebede yo, ki te asosye Simon. Lè sa a Jezi di Simon: Pa pè. Depi koulye a se moun ou pral peche. Yo mennen kannòt yo atè, yo kite tout bagay, y' ale avèk Jezi. » **(Lik 5:4-11)**

« Nan denmen, Jan te menm kote a ankò ak de nan patizan li yo. Li wè Jezi ki t'ap pase, li di: Men ti mouton Bondye a. De patizan yo tandè sa Jan t'ap di a, yo pran swiv Jezi. Jezi vire tèt li gade, li wè yo t'ap swiv li. Li mande yo: Sa n'ap chache? Yo mande li: Ki kote ou rete, Rabi? (Mo rabi sa a vle di mèt.) Li reponn yo: Vini non, n'a wè. Y' ale vre. Yo wè kote l' te rete a. Yo pase rès jounen an avè li. (Li te vè katrè konsa nan apremidi.) Andre, frè Simon Pyè a, te yonn nan de moun ki te tandè sa Jan te di a epi ki te swiv Jezi. Premye moun Andre rankontre se te Simon, frè li. Li di li konsa: Nou jwenn Mesi a (ki vle di: Kris la). Li mennen Simon bay Jezi. Jezi gade l', li di: Se ou menm Simon, pitit Jan an? Y'a rele ou Sefas. (Se menm bagay ak Pyè, ki vle di wòch.) » **(Jan 1:35-42)**

Konbyen nan 2 mesye ki te kloure avèk Jezi yo ki tap joure Li?

« Rive la, sòlda yo kloure l' sou kwa a. Anmenmtan yo kloure de lòt moun sou kwa tou, yonn chak bò, Jezi menm nan mitan yo. Pilat te bay lòd pou yo te fè yon pankat pou mete sou tèt kwa a. Yo te ekri sou li: Jezi, moun Nazarèt la, wa jwif yo. » **(Jan 19:18-19)**

« Yo te kloure de ansasen sou de lòt kwa an menm tan avè l', yonn sou bò dwat, yonn sou bò gòch. Moun ki t'ap pase bò la a t'ap plede joure li. Yo t'ap fè siy sou li. Yo t'ap di: Ou menm ki te vle kraze tanp lan pou ou te rebati l' nan twa jou, sove tèt ou non! Si ou se pitit Bondye a, desann sou kwa a! Konsa tou, chèf prèt yo, dirèktè lalwa yo ak chèf fanmi yo t'ap pase l' nan rizib. Yo t'ap di: Gade! Li sove lòt moun, li pa kapab sove tèt pa li. Si l' se wa pèp Izrayèl la, se pou l' desann sou kwa a koulye a. Lè sa a, n'a kwè nan li. Li te mete konfyans li nan Bondye, li te di se pitit Bondye li ye. Ann wè koulye a si Bondye va vin delivre li. Ata ansasen ki te kloure sou lòt kwa yo t'ap joure l' menm jan an tou. » **(Matye 27:38-44)**

« Yo te kloure de ansasen sou de lòt kwa, anmenmtan avèk Jezi, yonn sou chak bò. Se konsa pawòl ki te ekri a vin rive vre: Yo mete l' ansanm ak mechan yo. Moun ki t'ap pase bò la t'ap plede joure l'; yo t'ap fè siy sou li, yo t'ap di: -Ey! Ou menm ki te vle kraze tanp lan pou ou rebati l' nan twa jou, sove tèt ou non, desann sou kwa a. Konsa tou, chèf prèt yo ak dirèktè lalwa yo t'ap pase l' nan rizib. Yonn t'ap di lòt: -Gade! Li sove lòt moun, li pa ka sove tèt pa li! Se pou Kris la, wa pèp Izrayèl la, desann sou kwa a koulye a. Konsa n'a wè epi n'a kwè. Ata mesye ki te kloure sou lòt kwa yo t'ap joure l' tou. » **(Mak 15:27-32)**

« Yo mennen de lòt moun, de krimenèl pou yo touye ansanm ak Jezi. Lè yo rive kote yo rele Zo bwa Tèt la, yo kloure Jezi sou kwa a. Yo kloure de krimenèl yo sou de lòt kwa, yonn chak bò li. Jezi di: Papa, padonnen yo. Yo pa konnen sa y'ap fè. Sòlda yo tire osò pou separe rad li yo. Pèp la te kanpe la ap gade. Chèf yo t'ap pase Jezi nan rizib, yo t'ap di: Gade! Li sove lòt moun; si se Kris la li ye, moun Bondye chwazi a, se pou l' sove tèt pa l' tou. Sòlda yo t'ap pase l' nan betiz tou. Yo pwoche bò kote l', yo ba l' venèg pou l' bwè, epi yo di li: Si ou se wa jwif yo, se pou ou sove tèt ou ou menm! Men sak te ekri sou tèt kwa a: Nonm sa a se wa jwif yo li ye. Yonn nan krimenèl yo te kloure sou kwa yo t'ap joure li. Li t'ap di li: Se pa ou ki Kris la? Sove tèt ou non, epi sove nou ansanm avè ou tou. Men lòt la reprann li, li di li: Gen lè ou pa pè Bondye, ou menm ki anba menm kondannasyon avèk li a? Pou nou menm se jistis, paske nou resevwa sa nou merite pou krim nou fè. Men li menm, li pa fè anyen. Epi li di Jezi: Chonje m' wi lè wa vin pran gouvènman an nan men ou! Jezi reponn li: Sa m'ap di ou la, se vre wi: Jòdi a ou pral avè m' nan paradi. » **(Lik 23:32-43)**

Èske li nòm al pou kretyen genyen lanbisyon?

Diksyonè fransè defini lanbisyon konsa:

- Désir ardent de posséder quelque chose, de parvenir à (faire) quelque chose : Avoir l'ambition de réussir.
- Désir ardent de gloire, d'honneurs, de réussite sociale : Un homme dévoré d'ambition.
- Prétention de réussir quelque chose : Je n'ai pas l'ambition de résoudre cette énigme.

Nan sans lemonn, yon moun ki genyen lanbisyon se yon moun ki bezwen genyen plis ke lòt moun; moun nan vle pou li an premye pozisyon pou se li menm ki devan. Yon moun ki anbisye ap difisil pou li wè enterè pa lòt moun, se enterè pa li ke li wè.

Mo grèk pou “anbisyon” se **philotim**. Literalman, li tradwi an fransè: “Estimer en honneur”

Men, pou vrèman di, lanbisyon pa yon pwoblèm ; men se kisa ke ou estime osinon onore a ki kapab yon pwoblèm. Pwoblèm nan se bagay ke ou genyen lanbisyon pou li a.

Pòl ekri:

« Men, **lanbisyon m' se te pou m' fè konnen bon nouvèl la sèlman kote moun pa t' ankò janm tande nonmen non Kris la**, pou m' pa t' bati sou fondasyon lòt moun te poze, jan sa te ekri nan Liv la: Moun ki pa t' ankò konnen l' yo va wè. Moun ki pa t' ankò tande nonmen non l' yo va konprann. » (**Women 15:20-21**)

« Men, si n'ap fè jalouzi nan kè nou, si nou kenbe moun nan kè nou, si n'ap **kouri dèyè enterè pa nou**, pa vante tèt nou, pa fè manti sou laverite a. Bon konprann konsa pa soti nan Bondye, li soti nan lemonn, nan moun ak nan dyab la. Paske, kote ki gen jalouzi, kote **moun ap kouri dèyè enterè pa yo**, fòk gen dezòd ak tout kalite mekanste. » (**Jak 3:14-16**)

« Pa fè anyen nan lide pou fè tèt nou pase pou pi bon, ni pou fè lwanj tèt nou. Men, soumèt nou devan Bondye. Mete nan tèt nou lòt yo pi bon pase nou. **Piga pesonn chache enterè pa l' ase. Se pou l' chache sa ki bon pou lòt yo tou**. Se pou nou yonn gen pou lòt menm santiman ki te nan Jezi, Kris la. » (**Filip 2:3-5**)

E ou menm, ki lanbisyon ou?

Fo doktrin ki bay anpil pwoblèm

Genyen moun ki itilize Bib la pou yo bay manti, pou yo jwe avèk emosyon moun, pou yo tronpe moun. Anpil fwa, se lajan ke yap ranmase pou plen pòch yo. Pòl te ekri nan **Tit 1:10-11**:

« Paske, gen moun ki rebèl, k'ap mache twonpe moun ak pawòl san sans. Gen anpil jwif konvèti ki konsa nan mitan yo. Se pou nou fèmen bouch moun sa yo, paske yo boulvèse anpil fanmi deja ak move bagay y'ap moutre moun pou yo fè lajan nan move kondisyon. »

Se pa sèlman move anseyan yo ki pwoblèm nan, men nou wè ke moun yo chwazi pou yo tande fo doktrin sa yo paske se sa ke yo ta renmen tande. Pòl ekri:

« Yon lè, ou gen pou ou wè moun p'ap vle kite yo moutre yo verite a ankò, y'ap vle pou yo swiv lide pa yo. Lè sa a, y'a reyini yon bann direktè met bò kote yo ki va di yo sa yo ta renmen tande. Yo p'ap vle tande verite a, y'a pito koute istwa ki pa vre. » (2 Timote 4:3-4)

Se rezon sa a ki fè ke kote ke yo fè bwi kouri pou yo di genyen mirak, gerizon, delivrans, viza pou peyi etranje, maryaj...etc, moun vide nan kote sa yo. Konsa, yap bay tout sa yo genyen pou yo kapab jwenn sa yo bezwen an. Sa ke yo pa konprann, sè ke moun pa kapab achte gras Bondye a. Nou prale gade yon pasaj ke yo pran pou yo jwe nan tèt moun.

Nan **Matye 8:16-17**, nou li:

*« Lè solèy fin kouche, yo mennen anpil moun ki te gen move lespri sou yo bay Jezi. Li annik pale ak move lespri yo, li chase yo. Li te geri tout moun malad yo tou. Se konsa pawòl pwofèt Ezayi te di a rive vre: **Li pran enfimite nou yo sou li. Li pote maladi nou yo sou do li.** »*

Genyen yon gwoup lidè legliz nan peyi Etazini ki itilize sèlman pasaj sa a pou anseye moun ke si ou nan Jezi, maladi pa genyen pouvwa sou ou. Yo fè moun yo konprann ke nenpòt ki maladi ke yo ta rive genyen, yo sipoze geri depi ke yo fè sa ke Bondye mande yo pou yo fè.

Konsa, yo jwe nan tèt moun nan kote ke yo rive di moun nan ke Bondye mande pou li investi nan wayòm Li an. Sa vle di pou moun nan bay lajan nan travay ke yap fè a osinon yo pap jwenn gerizon paske yo pa obeyi lòd Bondye.

Kijan ou konprann pasaj sa a?

Pou ou konprann kontèks pasaj la, konpare Ezayi 53 ak Matye 8

Èske li posib pou yon kretyen fè kont ak yon lòt kretyen?

Si nou ta ale pi lwen pou nou ta mande:

Èske li posib pou 2 lidè legliz fè kont? _____

An nou gade nan Bib la pou nou wè sa ki te rive 2 lidè nan legliz primitiv

Bondye chwazi Pòl ak Banabas

« Nan legliz Antiòch la te gen kèk pwofèt ak moun ki t'ap bay enstriksyon: se te Banabas, Simeon (yo te rele Ti Nwa), Lisiyis, moun Sirèn, Manayèn (ki te grandi ansanm ak Ewòd, gouvènè a), epi Sòl. Yon jou, yo t'ap fè sèvis pou Bondye, yo t'ap fè jèn, lè Sentepri di yo: Mete Banabas ak Sòl apa pou mwen, pou yo fè travay mwen chwazi pou yo fè a. Lè sa a, yo fè jèn, yo lapriyè, yo mete men sou tèt Banabas ak Sòl, epi yo kite yo ale. » (Travay 13:1-3)

Pòl ak Banabas fè kont

« Pòl ak Banabas pase kèk tan nan Antiòch. Ansanm ak anpil lòt frè, yo t'ap moutre moun yo anpil bagay, yo t'ap fè yo konnen pawòl Seyè a. Kèk tan apre, Pòl di Banabas konsa: Ann al vizite frè yo ki nan tout lavil kote nou te anonse Pawòl Seyè a. Ann al wè ki jan yo ye. Banabas te vle mennen Jan ki te gen ti non Mak la avèk yo. Men, Pòl pa t' kwè se te yon bon lide pou yo te mennen l', paske, dènye fwa a, li te pati kite yo nan Panfili, li pa t' rete nèt ak yo jouk vwayaj la te fini.

Lè sa a, yon diskisyon byen cho leve ant Pòl ak Banabas, tèlman yo separe yonn ak lòt. Banabas pran Mak avèk li, yo pran yon batiman, y' ale lil Chip (Cyprus). Pòl menm chwazi Silas. Apre frè yo fin renmèt li nan men Bondye k'ap ba l' favè l', li pati. Li pase nan peyi Siri ak peyi Silisi (Syria and Cilicia) ; sou tout wout la li t'ap fòtifye legliz yo nan konfyans yo nan Bondye. » (Travay 15: 35-41)

Nan lèt ke Pòl te ekri yo, nou kapab wè ke mesye yo te rekonsilye yo.

« Aristak ki nan prizon ansanm avè m' voye bonjou pou nou. Mak, kouzen Banabas la, voye bonjou tou. (Mwen te deja di nou sa pou nou fè pou li: resevwa l' byen si l' vin lakay nou). » (Kolòs 4:10)

« Se Lik sèlman ki la avèk mwen. Pran Mak avèk ou lè w'ap vini. La ban m' yon bon kout men nan travay la. » (2 Timote 4:11)

« Eske m' pa gen dwa fè tankou tout lòt apòt yo, tankou frè Seyè yo ansanm ak Sefas, pou m' mennen yon sè ki ta madanm mwen kote m' prale? Eske se Banabas avè m' ase ki pou fè lòt travay pou n' ka viv? » (1 Korint 9:5-6)

Kisa ke ou aprann de sa ki te rive ant mesye sa yo?

An nou gade kèk pasaj sou bagay ke Bondye pa vle wè!

Levitik 18:22

« Piga yon gason kouche yon lòt gason tankou yo kouche yon fanm: Se **bagay Bondye pi pa vle wè**. »

« Tu ne coucheras point avec un homme comme on couche avec une femme. **C'est une abomination**. »

Deteronòm 25:13-16

« Nou pa gen dwa gen de kalite pwa nan sakit nou pou pran pèz, yonn ki bon, yonn ki pa bon, ni de kalite mezi lakay nou, yonn ki bon ak yonn ki pa bon. N'a toujou sèvi ak bon mezi, san wete san mete. Se konsa n'a ka viv lontan nan peyi Seyè a, Bondye nou an, ap ban nou an. Paske **Seyè a pa vle wè moun** k'ap fè bagay konsa, moun k'ap fè lenjistis. »

« Tu n'auras point dans ta maison deux sortes d'épha, un grand et un petit. Tu auras un poids exact et juste, tu auras un épha exact et juste, afin que tes jours se prolongent dans le pays que l'Éternel, ton Dieu, te donne. Car quiconque fait ces choses, quiconque commet une iniquité, est en **abomination à l'Éternel**, ton Dieu. »

Deteronòm 18:10b-12

« Piga gen pesonn nan mitan nou k'ap fè divinò, k'ap etidye zetwal nan syèl la pou konnen sa ki gen pou rive, k'ap pran pwen, k'ap fè maji. Piga gen nan mitan nou moun k'ap sèvi ak cham, moun ki pral nan tab tounant, k'ap vizite moun ki konn tire kat, ak moun k'ap rele mò pou pale ak yo. Paske **Seyè a pa vle wè moun** k'ap fè bagay sa yo. »

« Qu'on ne trouve chez toi personne qui fasse passer son fils ou sa fille par le feu, personne qui exerce le métier de devin, d'astrologue, d'augure, de magicien, d'enchanteur, personne qui consulte ceux qui évoquent les esprits ou disent la bonne aventure, personne qui interroge les morts. Car quiconque fait ces choses est **en abomination à l'Éternel**. »

Pwovèb 12:22

« **Seyè a pa vle wè moun** k'ap manti. Men, li kontan nèt ak moun ki toujou kenbe pawòl yo. »

« Les lèvres fausses sont **en horreur à l'Éternel**, Mais ceux qui agissent avec vérité lui sont agréables. »

Pwovèb 16:5

« **Seyè a pa ka sipòte moun** k'ap gonfle lestonmak yo sou moun. Wè pa wè, l'ap fè yo peye sa. »

« Tout cœur hautain est en **abomination à l'Éternel**; Certes, il ne restera pas impuni. »

Pwovèb 17:15

« Se de kalite moun **Seyè a pa ka sipòte**: moun k'ap kondannnen inonsan ak moun k'ap pran pou mechan yo. »

« Celui qui absout le coupable et celui qui condamne le juste Sont tous deux en **abomination à l'Éternel**. »

Pwovèb 6:16-19

« Gen sis bagay Seyè a pa vle wè. Sa m'ap di la a: Gen menm sèt bagay li pa ka sipòte: Se moun k'ap **gonfle lestonmak** yo sou moun, se moun k'ap **bay manti**, se moun k'ap **touye moun inonsan**, se moun k'ap fè move **lide nan tèt yo pou fè mechanste**, se moun ki toujou **pare pou fè sa ki mal**, se **fo temwen k'ap bay manti sou moun**, se moun k'ap **mete frè ak zanmi dozado**. »

Ki lang ou panse Satan pale? _____

Jezi di konsa nan **Jan 8:44**:

« Se Satan ki papa nou. Se sak fè nou vle fè sa papa nou vle. Depi nan konmansman se sa ase l'ap fè: touye moun. Li pa janm pran pozisyon pou verite a paske pa gen verite menm nan li. **Depi l' louvri bouch li, se manti l'ap bay paske sè mantò li ye. Se papa nan bay manti li ye.**»

Petèt ke nou bezwen repanse jan ke nou wè peche. Konsènan ti bagay ke nou gen dwa pa pran pou anyen yo, an nou poze tèt nou kesyon sa a:

Kouman Bondye wè bagay sa yo?

